Qarli’baev M.A., Jumashev A.M., Piskunova I.V.

# QARAQALPAQSTAN TARIYXI’NAN GU’RRIN’LER

5-klass

Worta bilim beretug’i’n mektepler ushi’n

No’kis-2013

## 1-tema. Kirisiw. Tariyx pa’ni haqqi’nda tu’sinik.

Adam balasi’ni’n’ a’ziyz watani’na bolg’an mehir-muhabbati’ sheksiz. Ha’rbir adamni’n’ tuwi’li’p wo’sken, ta’lim-bilim alg’an, miynet yetken, qullasi’ pu’tkil wo’mir boyi’ jasag’an ko’zine i’si’q, wori’nlari’ boladi’. Bul woni’n’ tuwi’lg’an u’lkesi.
Bu’gin siz Qaraqalpaqstan dep atalg’an tuwi’lg’an u’lken’izdin’ tariyxi’n u’yreniwdi basladi’n’i’z. “Qaraqalpaqstan tariyxi’nan gu’rrin’ler” degen woqi’w qollanbasi’ tuwi’lg’an u’lke tariyxi’ni’n’ di’qqatqa i’layi’q waqi’yalari’n wo’z ishine qamti’ydi’. Qaraqalpaqstan tariyxi’ - ulli’ watani’mi’zdi’n’ wog’ada bay ha’m dan’qli’ tariyxi’ni’n’ aji’ralmas bir bo’legi. Soni’n’ ushi’n Wo’zbekstan aymag’i’nda ju’z bergen ko’plegen waqi’yalar “Watan tariyxi’ gu’rrin’leri”nen sizlerge ma’lim boladi’. Biraq bul waqi’yalar soni’n’ menen birge Qaraqalpaqstan tariyxi’na da tiyisli boli’p, wo’z wo’zgesheliklerine iye. Ko’plegen so’zler menen, ma’selen, “tariyx”, “arxeologiya”, “etnografiya” terminleri menen sizler buri’nnan tani’ssi’z. Wolardi’n’ ma’nisin umi’tqan bolsan’i’z, I bap “Qaraqalpaqstan tariyxi’ni’n’ a’yemgi dawiri” sabaqli’g’i’nan’ ta’kirarlawg’a boladi’. Bir qatar jan’a terminler menen, wolardi’n’ ma’nilerin usi’ sabaqli’qtan bilip alasi’z.
Tuwi’lg’an u’lken’izdin’ tariyxi’n u’yrenin’, balalar. Ha’r bir shan’araqta yeski su’wretler, zatlar bar. Ata-analari’n’i’zdan su’wretlerdin’ tariyxi’ haqqi’nda sorap qi’zi’qsan’i’z, shan’araqlari’n’i’zdi’n’ tariyxi’n ha’m qandayda bir waqi’yalar arqali’ shan’arag’i’n’i’z benen baylani’sli’ basqa shan’araqlardi’n’ tariyxi’n bilip alasi’z. U’yde saqlani’p turg’an yeski zatlar haqqi’nda ata-analari’n’i’zdi’n’ gu’rrin’leri ata-babalari’n’i’z buri’n qalay jasag’anli’g’i’ haqqi’nda tu’siniwge ja’rdemlesedi. Mektebin’izde wo’zlerin’iz ji’ynag’an zatlar, su’wretler, hu’jjetlerden ibarat kishi ko’rgizbeler sho’lkemlestiriwge boladi’. Wolar wo’zlerin’izdin’ woqi’p ati’rg’an mektebin’izdin’ tariyxi’ menen, sizler jasap ati’rg’an ko’she ha’m awi’li’n’i’zdi’n’ tariyxi’ menen yamasa ali’s ha’m jaqi’n ata-babalari’n’i’zdi’n’ tariyxi’ menen tani’si’wg’a ja’rdemlesedi.
Sizler wog’ada bay qa’diriyatlar - ruwxi’y ha’m materialli’q qa’diriyatlardi’n’ miyrasxorlari’si’z. Tuwi’lg’an u’lke tariyxi’ adamdi’ ruwxi’y jaqtan jigerlendiredi, ana Watang’a bolg’an maqtani’sh sezimin woyatadi’. Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti I.Karimov atap ko’rsetkenindey, “sana-sezim tariyxti’ biliwden baslanadi’”.
TARIYXI’Y DEREKLER HA’M WoNI’N’ TU’RLERI. Watan tariyxi’n do’retiwde qanday derekler tiykar bolg’anli’g’i’ u’lken a’hmiyetke iye. Haqi’yqi’y ha’m duri’s tariyxti’ do’retiwde bir bag’dardag’i’ talaplar ha’m ko’rsetpeler tiykar bola almaydi’. Wo’ytkeni millionlag’an ji’llardi’ wo’z ishine alatug’i’n adamzat tariyxi’ tek bir neshe ilimlerdin’ jetiskenliklerin wo’z

ishine alatug'i'n dereklerge su'yeniw arqali' g'ana do'reliwi mu'mkin. Tariyx do'retiw ushi'n paydalanatug'i'n derekler.

1. A'yyem-a'yyem zamanlardan baslap tap usi' ku'nlerge shekemgi babalari'mi'zdi'n' wa'killeri bolg'an ulli' alamlardi'n', dana shejirelerdin', shayi'rlardi'n', jazi'wshi'lardi'n' do'retken bay shi'g'armalari'.
2. Ha'r qi'yli' hu'jjetler saqlani'p turg'an jaylardag'i' qoljazba shi'g'armalar, hu'jjetler.
3. Kitapxanalardag'i' jazba kitaplar ilimiy, ko'rkem, memuarli'q shi'g'armalar, sabaqli'qlar, qol jazbalar, shejireler, toplamlar.
4. Ha'r qi'yli' muzeylerdin' ko'rgizbe zallari'nda saqlani'p turg'an hu'jjetler, birinshi gezekte arxeologiyali'q wolja buyi'mlar.
5. Muzey, qalalar, tariyxi'y yestelikler.
6. Kino, foto hu'jjetler boli'p yesaplanadi'.

Ali'mlar usi' do'gerektegi mag'li'wmatlardi' tariyx ushi'n tiykar yetip ali'w kerek, sonda g'ana haqi'yqi'y, duri's tariyx jazli'p shi'g'adi'. Jazba derekler gezlespeytug'i'n yamasa siyrek gezlesetug'i'n da'wirlerdin' tariyxi'n do'retiwde arxeologiya iliminin' jetiskenliklerine su'yenedi. Wonnan basqa antropologiya, til, a'debiyat tariyxi' qusag'an ililerdin' juwmaqlawshi' pikirleri tariyx ushi'n derek boladi'. Folklor,tariyxi'y an'i'zlar, shejireler, memuarlar wo'zliginen tikkeley tariyxi'y hu'jjet bola almasa da tariyx ushi'n wog'ada bahali' derek boli'p xi'zmet yetedi, dep yesaplaydi'.

Tariyxta ji'l yesaplaw. Wo'tmishte waqi't qalay yesaplang'an. Diyxanlar waqi'tti'n' wo'z-ara ten' arali'qlari'n keyin jaz-zu'ra'a'tti ji'ynag'annan yekinshi zu'ra'a'tin ji'ynag'ang'a shekemgi arali'qqa qarap waqi't yesaplag'an. Mine usi'layi'nsha waqi'tti' ji'llar menen yesplaw kelip shi'qqan. a'yi'ri'qsha yeste qalarli'q waqi'ya bolg'an ji'ldi' adamlar birinshi ji'l dep yesaplag'an. Maselen ji'l yesabi' Rim qalasi'ni'n' tiykari' sali'ng'an ji'ldan baslap ju'rgizilgen. Wonnan keyingi ji'llar yekinshi, u'shinshi h.t.b boli'p atalg'an. Ha'r qi'yli' yelde ji'l yesaplaw ha'r qi'yli' bolg'an. Bul wog'ada qolaysi'z yedi.

Bizin' erami'z. Bunnan yeki mi'n' ji'l buri'n an'i'z so'zler payda boli'p wolarda ayti'li'wi'nsha ada qa'lpine yenip Isus Xristos degen at penen jerde quday jasag'an yemish. Aradan 500 ji'l wo'tkennen keyin bull an'i'z so'zler ko'plegen yellerde taralg'an. Sol ma'ha'lde Rim qalasi'ni'n' tiykari' sali'ng'an ji'ldan son' qaysi' bir ji'li' Xristosti'n' tuwi'lg'anli'g'i' woylap shi'g'ari'ladi'. Al wonnan keyin sol ji'ldan baslap ji'l yesaplana baslag'an. Birinshi ji'ldan baslap bizin' ku'nlerimizge shekemgi waqi'tti' bizin' erami'z dep ataymi'z. Al jazg'anda woni' b.e. dep qi'sqarti'p jazami'z.

Bizin' erami'zdi'n' basi'nan baslap qansha waqi't wo'tkenligin yesaplap shi'g'ami'z. 100 ji'l 1 a'sirdi, yamasa 100 ji'lli'qti' quraydi'. 10 a'sir mi'n'

ji'lli'qti' quraydi'. Bizin' erami'z baslang'ali' berli 2000 ji'ldan ko'p waqi't wo'tti.

Bizin' erami'zg'a shekemgi ji'l yesaplaw. Bizin' erami'zdan buri'n ko'p waqi'yalar boli'p wo'tti. Biz bul waqi'yalardi' bizin' erami'zg'a shekem boli'p wo'tti,deymiz,al jazag'anda woni' b.e.sh. dep qi'sqarti'p jazami'z.

Diyxanshi'li'q b.e.sh. 8 mi'n'g'a shamalas buri'n payda bolg'an. Sol waqi'ttan berli neshe mi'n' ji'l wo'tken?

B.e.sh. 8 mi'n' ji'lg'a shamalas wo'tken +B.e. 2 mi'n' ji'li', barli'g'i' 10 mi'n' ji'lg'a shamalas mi'stan zat islew b.e.sh. 5 mi'n' ji'lg'a shamalas buri'n baslandi'. Demek, bul 5+2=7 mi'n' ji'lg'a shamalas buri'n bolg'an.

TARIYXI'Y DA'WIRLER HAQQI'NDA. Ana – Watan tariyxi'n izertlegen tariyxshi' ali'mlar tariyx ilimlerinin' bu'gingi ku'ngi jetiskeliklerine su'yene woti'ri'p woni' to'mendegi u'lken-u'lken da'wirlerge bo'ldi.

1. Watani'mi'z tariyxi'ni'n' alg'ashqi' jamiyet da'wiri.
2. Watani'mi'z aymag'i'ndag'i' yen' a'yyemgi ma'mleketlik du'zilisler.
3. Watani'mi'z worta a'sirler da'wirinde.
4. Qaraqalpaqstan Rossiyani'n' basi'p ali'wi' ha'm koloniyalasti'ri'w da'wirinde.
5. Qaraqalpaqstan Sovet hakimiyati' da'wirinde.
6. Qaraqalpaqstanni'n' Wo'zbekstan qurami'nda suverenli rawajlani'w joli'.

Tariyx pa'ninin' payda boli'wi'. Tariyx-istoriya degen grek so'zinin' arabsha ayti'li'wi'. Woni'n' qaraqalpaqsha ma'nisi «izeretlew» ha'm «waqi'yalar haqki'nda gu'rrin'»degendi an'latadi'.

Ha'r qi'yli' hali'qlar qalayi'nsha jasag'anli'g'i'n ,wolardi'n' turmi'si'nda qanday waqi'yalar boli'p wo'tkenligin ,adamlardi'n' turmi'si' qalayi'nsha nelikten wo'zgerip ,ha'zirgi jag'dayg'a kelgenligin izeretleytug'i'n ilim tariyx dep ataladi'. Adamlardi'n' turmi'si' jerde izsiz wo'tip ketpeydi. Wo'tken turmi's wo'z izlerin qaldi'ri'p ketedi. Yen' a'yyemgi adamlardan bizge shekem tek wolardi'n' su'yeklerinin' qaldi'qlari' menen wolardi'n' jasag'an az sanli' zatlari' g'ana kelip jetken. Biraz son'g'i' da'wirden adamlardi'n' turaq jaylari'ni'n' ha'm qa'birlerinin' qaldi'qlari' saqlani'p qalg'an. A'yyemgi adamlardi'n' zatlari', wolardi'n' su'yekleri, sonday-aq adamlardi'n' ne menen shug'i'llang'anli'g'i'n izleri saqlang'an barli'q na'rseler zatlay tariyxi'y derekler dep ataladi'. A'yyemgi waqi'tlardaq qoldan jazi'lg'an kitaplar bolg'an. A'yyemgi adamlar wolardi' wog'ada qa'dirlegen ha'm puqta saqlag'an. Usi'ni'n' na'tiyjesinde kitaplardi'n' bir bo'legi ha'zirge deyin saqlani'p qalg'an, solay yetip a'yyemgi da'stanlar, ilimiy miynetler, ko'rkem shi'g'armalar bizge deyin kelip jetken.

Ilimpazlar tariyx haqqi'nda bilim alatug'i'n jazi'wlar jazba tariyxi'y derekler dep ataladi'. Ati' atali'p wo'tilgen tariyxi'y dereklerdin' barli'g'i'n sizler Watan tarixi'nan gu'rrin'ler kuri'si'nda talay ma'rte gezlestirip woti'rasi'z.

DA'SLEPKI TARIYXI'Y ShI'G'ARMALAR. Qaraqalpaqstan aymag'i'nda a'yyemgi ja'ma'a'tlik du'zim da'wirinde jasag'an xali'qlardi'n' etnikali'q qurami', siyasi'y-socialli'q, ekonomikali'q ha'm ma'deniy turmi'si' haqqi'nda jazba derekler joq. Al,du'zimi da'wirinde bul a'tirapta jasag'an xali'qlar ha'm wolarg'a hu'kim su'rgen ma'mleket haqqi'nda qi'sqa bolsa da jazba mag'li'wmatlar ushrasadi'. A'yyemgi Xorezm ha'm xorezmliler haqqi'nda «tariyx atasi'» Gerodot ha'm grek tariyxshi'-geografi' Gekatey Miletskiy ha'm basqalar wo'z miynetlerinde yeslep wo'tken.

B.e.sh V-a'sirde tariyxi'y ilimnin' baslani'wi'na jag'day tuwg'an yedi. Qu'dretli Axomaniyler patshali'g'i' u'stinen yerisilgen jen'isi haqqi'nd a'wladlarg'a yestelik ushi'n Gerodot grek-parsi' uri'slari'n tariyxi'n jazdi'. Wol wo'zinin' shi'g'armasi'nda askeriy ha'reketler tuwrali' g'ana yemes, al uri'sqa qatnasqan xali'qlardi'n' tariyxi' haqqi'nda ayti'p beriwdi wo'zine maqset yetip qoydi'.

Gerodot wo'zinin' miynetine material ji'ynaw ushi'n ko'plegen yellerdi aylani'p shi'qti'. Wol wo'zinin ko'rgenlerin xa'm jergilikli adamlardan yesitkenlerin, jaqi'nda ha'm buri'n bolg'an waqi'yalardi' jazi'p aldi'. Gerodotti'n' «Tariyx» kitabi' Greciyada ha'm Aldi'ng'i' Aziyada, Mi'si'rda ha'm bizin' yelimizde qon'si'lasqan hali'qlardi'n' a'yyemgi tariyxi' haqqi'nda bizin' bilimizdin' yen' baxali' dereklerdin' biri boli'p yesaplanadi'. Gerodotti'n' miynetleri a'yyemgi waqi'tlardaq joqari' bahalang'ani' sonsha,woni' «Tariyxti'n' atasi'» dep atadi'. Bizin' erami'zdi'n' 95-175-ji'llar arali'g'i'nda jasag'an grek tariyxshi'si' Arrian Iskender Zulxarnaynni'n' atlani'slari'ni'n' tariyxi' haqqi'nda jazg'an. Wol wo'zinin' «Aleksandr Anabasisi» atli' miynetinde Xorezm wo'zinin' patshasi' bar biyg'a'rez ma'mleket dep ko'rsetken. Grek geografi' ha'm tariyxshi'si' Strabon «Geografiya» atli' miynetinde Xorezmnin' xalqi' Xorasmiyler haqqi'nda mag'li'wmat bergen. Ban Gu degen Qi'tay ali'mi' «Xanni'n' u'lken u'yinin' tariyxi'» atli' miynetinde Kangyuy ma'mlketinin' sorami'ndag'i' bes yelatli'q haqqi'nda jazg'an. Soni'n' ishinde Yuegan (Urgenish) yelatli'g'i'nda atap wo'tken.

Sorawlar ha'm tapsi'rmalar

1. Qanday tariyxi'y dereklerdin' tu'rlerin bilesiz?
2. Tariyxta ji'l qalay yesaplanadi'?
3. Tariyx pa'ni qalayi'nsha payda bolg'an?
4. Qanday tariyxi'y shi'g'armalardi' bilesiz?

## I BAP. QARAQALPAQSTAN TARIYXI'NI'N' A'YYEMGI DAWIRI.

### 2-tema. Qaraqalpaqstan aymag'i'nda a'yyemgi adamlar ma'kan jaylari'.

Bunnan ko'p ji'llar buri'n adamlar jer su'rgende u'ylerinin' qasi'nda, yamasa ha'rqi'yli' wori'nlarda a'jayi'p taslar menen su'yekler tapqan. "Bul taslar ne ushi'n a'jayi'p boladi'?" – dep sorawi'n'i'z mu'mkin. Sebebi wolar balta, pi'shaq, iyne, woraqlarg'a uqsap kelip, qolda uslawg'a qolay bolg'an, biraq wolar tek haywanlar su'yeklerinen ha'm ha'rqi'yli' taslardan (jumi'ri' tas, shaqmaq tas) islengen. Miynet qurallari' - adamlar wolardi'n' ja'rdeminde jumi's islewge mu'mkin bolg'an zatlar, ma'selen: bel, sipse, mashina, kompyuter h.t.b. boli'p tabi'ladi'. Da'slepki miynet qurallari'n adamlar metalldan (ma'selen, mi's, qola, temir, qalayi' h.t.b.) sog'i'wdi' u'yrenbesten bir neshe mi'n' ji'llar buri'n tastan islegen. Soni'n' ushi'n adamzat tariyxi'ni'n' yen' da'slepki da'wirin tas da'wiri yamasa paleolit dep atag'an.
Qaraqalpaqstanni'n' da tu'rli jerlerinde, ma'selen, u'stirttin' Barsakelmes woypati' aymag'i'nda Uzboy jag'alawlari'nda, Qi'zi'lqumda tas (paleolit) da'wirine tiyisli miynet qurallari' tabi'lg'an. Qaraqalpaqstan aymag'i'nda yen' a'yyemgi ha'm a'yyemgi tastan miynet qurallari'n islegen adamlardi'n' su'yekleri tabi'lmag'ani' menen, ilimpazlardi'n' ko'rsetiwine qarag'anda, Wo'zbekstan aymag'i'nda sol zamanlari' neandertal adamlar jasag'an.(Bul tuwrali' "Watan tariyxi'nan gu'rrin'ler" sabaqli'g'i'nan bilesiz). Neandertal adamlar - a'yyemgi adamlar. Wolar yen' a'yyemgi adamlar (adamlarg'a uqsas maymi'llar) ha'm ha'zirgi adamlar arali'g'i'ndag'i' qatlamlardi' quraydi'. Neandertal balani'n' su'yekleri Wo'zbekstanda Tesiktas u'n'girinen tabi'lg'an. Tastan islengen miynet qurallari'n soqqan adamlardi' alg'ashqi' adamlar dep te ataydi'. Ilimpazlardi'n' boljawlari'na qarag'anda, neandertallar Qaraqalpaqstan aymag'i'nda da jasag'an. Qaraqalpaqstanda da'slepki adamlardi'n' qoni'slasi'w da'wirin tas da'wirine tiyisli dep ko'rsetedi.
Alg'ashqi' adamlar Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan aymaqlari'na qanday jollar menen kirip kelgen? Ilimpazlardi'n' boljawlari' boyi'nsha, alg'ashqi' adamlar u'sh jol menen kirip keliwi itimal. Birinshi jol - qubla - bati's joli' - Jaqi'n Shi'g'i'stan kirip kelgen. Yekinshi jol - arqa-bati's joli' - Arqa Kavkaz ta'repi ha'm Qubla Rus tegisliginen kirip kelgen. Sol a'yyemgi da'wirlerde Kaspiy ten'izi ko'lemi jag'i'nan ha'zirgiden biraz kishirek boli'p, Arqa Kavkazdan Mang'i'shlaqqa shekem qurg'aq jol bolg'an. Keyin ala bul jol qublada u'stirtke, al shi'g'i'sta - Qazaqstang'a shekem sozi'lg'an. u'shinshi jol Gimalay yetekleri aymag'i'nan Arqa Pakistan ha'm Arqa-Bati's Hindistang'a shekem barg'an.
Adamlardi'n' xojali'g'i'na ta'biyat ha'm klimatti'n' ta'siri. Alg'ashqi' adamlar qalay jasag'an? - degen soraw beriwin'iz mu'mkin. "U'stirt ha'm

Qi’zi’lqumda qatti’ i’ssi’, yegislik jerler joq, ko’ller az, suwlari’ duzli’, qi’sta No’kis yamasa To’rtku’lge qarag’anda ju’da’ suwi’q. “Biraq tabi’lg’an tastan islengen miynet qurallari’ soni’ da’liylleydi, alg’ashqi’ adamlar u’stirt ha’m Qi’zi’lqumda jasag’an. Sol a’yyemgi zamanlarda ta’biyat ha’m klimat basqasha bolg’an. Jiyi-jiyi jawi’nlar jawi’p turg’an, dushshi’ suwli’ ko’ller bolg’an, ha’zirgige qarag’anda jazg’i’ temperatura pa’sirek bolg’an. Bul jerde iri haywanlar (ma’selen, qulan, jayran, sayg’aq, don’i’z), ko’llerde bali’q ko’p bolg’an. u’stirt jazi’qli’g’i’ Aral ha’m Kaspiy ten’izleri arali’g’i’nda jaylasqan. Qi’zi’lqumni’n’ bir bo’legi sol waqi’tlari’ Zarafshan da’ryasi’ menen suwg’ari’lg’an. Ha’zir sol da’ryani’n’ kewip qalg’an ang’ari’ saqlani’p qalg’an. A’miwda’rya Qaraqumdi’ kesip wo’tip Kaspiy ten’izine quyg’an. Qaraqalpaqstanni’n’ ha’zirgi Sultan Wa’yis tawlari’nan Arqag’a shekemgi aymaq buri’n batpaqli’q jerlerden, aqi’ri’n ag’i’sli’ ko’plegen wo’zeklerden, qami’s, puta ha’m atawlardan ibarat bolg’an. Bul jerlerde ko’plegen haywanlar, quslar, ji’lanlar, bali’q, qurt-qumi’ri’sqalar bolg’an. Alg’ashqi’ adamlar tiykari’nan an’shi’li’q, bali’qshi’li’q penen shug’i’llang’an.

Qaraqalpaqstanni’n’ alg’ashqi’ adamlari’ni’n’ miynet qurallari’, xojali’g’i’. Alg’ashqi’ adamlar mal saqlawdi’, diyxanshi’li’q penen shug’i’llani’wdi’, miywe-pali’z wo’simliklerin wo’siriwdi bilmegen, azi’q-awqatti’ aldi’n ala tayarlamag’an. Biraq wolar miynet qurallari’n jetilistiriwge u’yrengen, wottan paydalani’wdi’ bilgen (awqat tayarlag’an, jasaytug’i’n jaylari’n ji’li’tqan, ji’rtqi’sh haywanlardan qorg’ang’an). Alg’ashqi’ adamlar ji’rtqi’sh haywanlar arasi’nda jasag’an, miynet qurallari’n tayarlaw boyi’nsha wo’z bilimleri menen ta’jiriybelerin kelesi a’wladqa qaldi’ri’w kerekligin tu’singen. Wol waqi’tlari’ ja’ma’a’tsiz jasaw mu’mkin yemes yedi. Soni’n’ ushi’n, birgelikte si’rtqi’ qa’wiplerden qorg’ani’w, birgelikte azi’q-awqat tabi’w ushi’n alg’ashqi’ adamlar uri’w toparlari’na birikken. u’stirtte adamlar tiykari’nan iri haywanlardi’ awlag’an. Buni’ tastan islengen miynet qurallari’ - woqlardi’n’ ushlari’, pi’shaqlar ta’rizindegi tas jon’qalari’, jabayi’ haywanlardi’ awlawg’a arnalg’an shani’shqi’lar da’liylleydi.

“Do’geregimizde taslar ko’p - qa’legen tastan miynet qurali’n sog’i’wg’a boladi’”, - dep woylawi’n’i’z da mu’mkin. Haqi’yqati’nda da taslar ha’rqi’yli’ boladi’. Tasti’ qara jerge uri’p ko’rin’. Bir tas i’di’rap ketse, yekinshisi jari’ladi’, u’shinshisinin’ bir sheti ketse, to’rtinshisi buri’ng’i’ qa’ddinde qaladi’. Alg’ashqi’ adamlar miynet qurallari’n tayarlawg’a jaramli’ jumi’ri’ ha’m shaqmaq tas izlegen. u’stirtte surg’i’lt-sur ha’m qon’i’r-sur ren’li shaqmaq ha’k tasi’ tabi’lg’an. Qasi’nda alg’ashqi’ adamlardi’n’ jasag’an wori’nlari’ - ustaxanalari’ tabi’lg’an. Adamlar bul jerde miynet qurallari’n islep bolg’ansha waqi’tsha jasag’an. Shaqmaq taslar ha’mme jerde ushi’rasa bermeytug’i’n bolg’anli’qtan, bunday jerlerden - ustaxanalardan tas da’wiri dawami’nda paydalang’an. Sonday-aq shiyki zatti’ (shaqmaq tasti’) 60 km den

aslam uzaqli'qtan tasi'g'an. Adamlar jasag'an wori'nlar-ustaxanalar Qi'zi'lqumda da tabi'lg'an. Kishigirim an'shi' ja'ma'a'tlerdin' de jasaw wori'nlari' tabi'lg'an. Bunday jasaw wori'nlardan waqi'tsha, an' awlaw ma'wsiminde g'ana paydalang'an. Alg'ashqi' adamlardi'n' uzaq mu'ddetke mo'lsherlengen jasaw wori'nlari'ni'n' qaldi'qlari' da tabi'lg'an, wolar jiyi dushshi' suw derekleri qasi'nda jaylasqan (ma'selen, ko'ller jag'alari'nda, atawlarda). Wolardi'n' ko'lemleri ha'rqi'yli' bolg'an. u'stirttegi Yesen-3 jasaw worni'ni'n' ko'lemi shama menen 30x30 m. bolg'an. Shuruq-12 jasaw worni'ni'n' maydani' 3x4 m bolg'an. Alg'ashqi' adamlar ha'rqi'yli' jaylarda - i'lashi'qlarda, jer to'lelerde, yari'm jer to'lelerde, jer u'sti tamlarda jasag'an. A'dette, jaylar ken' boli'p, wolarda bir neshe wonlag'an qanalas tuwi'sqanlar jasag'an. Jaylar wo'zgerip, bekkemlenip, quri'li'si' boyi'nsha quramalasi'p barg'an, sebebi alg'ashqi' adamlar miynet qurallari'n jetilistirip, ta'biyat ha'm klimatqa beyimlesip barg'an.

Sorawlar ha'm tapsi'rmalar

1. Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan aymag'i'na alg'ashqi' adamlar qanday jollar menen ha'm qalayi'nsha kirip kelgen?
2. Ta'biyat ha'm klimat adamlardi'n' xojali'g'i'na qalayi'nsha ta'sir jasag'an?
3. Ne ushi'n alg'ashqi' adamlar uri'w ja'ma'a'tlerinde jasag'an?
4. "Miynet qurali'" termininin' ma'nisin da'pterin'izge jazi'p ali'n'.

## 3-tema. Qubla Aral boyi' xali'qlari' a'yyemgi ma'deniyat do'retiwshileri.

Qaraqalpaqstan aymag'i'nda shaqmaq tas ha'm kvarctan islengen miynet qurallari' tabi'lg'an. Woq ushlari' shama menen bir waqi'tta islengeni menen tayarlani'w usi'li' menen bir-birinen aji'rali'p turg'an, wolar ha'rqi'yli' aymaqlarda tayarlang'an. Woq ushlari' menen bir qatarda si'ni'q i'di'sti'n' saz i'laydan islengen bo'leksheleri tabi'lg'an. I'di'slar ha'm tabaqlar saz i'lay aralas qumnan sog'i'li'p, ha'rqi'yli' si'rtqi' ko'riniske iye bolg'an domalaq yamasa ushli' tu'pli, nag'i'sli'. Bekkem boli'wi' ushi'n saz i'laydan islengen i'di'slardi' wotqa ku'ydirgen. Bul i'di'slardi'n' ko'pshiligine toli'g'i' menen nag'i'slar woyi'lg'an. Wolarg'a tayaqshalar yamasa tolqi'n tu'rindegi yaki arsha iynesheleri tu'rinde nag'i'slar basi'lg'an. Ishi gewik naysha, ba'lkim, qami's penen tambalang'an. Ayi'ri'm jag'daylarda i'di'sti'n' qaptallari' qi'zi'l woxra menen basi'lg'an. Woxra - bul qi'zi'l ren'nin' ta'biyiy boyawi'. Woxrani' i'g'allag'anda wol suyi'qlasadi'. Qa'dimgi gu'n'girt i'laydan islengen tayar zatti' woxra menen boyawg'a boladi'. Bunday jag'daylarda

si'ng'an zatlar bo'lekshelerinin' bir jag'i' boyalg'an, bir jag'i' boyalmag'an boladi'. Qaraqalpaqstanda woxra Sultan Wa'yis tawlari'nda ushi'rasadi'.
I'di'slar, miynet qurallari', jasag'an jerlerdin' formalari' menen ko'lemleri, wolardi'n' materiallari', zatlardag'i' nag'i'slar - bul materialli'q ma'deniyatti'n' quram bo'lekleri. Arxeologlar miynet qurallari'n tayarlawdi'n' materiali'n ha'm usi'llari'n aji'ratadi'. Wolardi' tayarlaw texnikasi' ha'rqi'yli' waqi'tlarda ha'rtu'rli bolg'an. Soni'n' ushi'n alg'ashqi' adamlardi'n' ha'rqi'yli' ma'deniyatlari' haqqi'nda so'z ju'rgiziledi. Ma'deniyat - bul adamlardi'n' qanday da bir da'wirdegi jetiskenlikler da'rejesi, ma'selen. ha'zirgi ma'deniyat, worta a'sirlik ma'deniyat h.t.b.
"Alg'ashqi' adamlarda qanday ma'deniyat boli'wi' mu'mkin?" - degen wori'nli' soraw boli'wi' mu'mkin. Kelteminar ma'deniyati'n ali'p qarayi'q. Joqari'da so'z yetilgen miynet qurallari', i'laydan islengen i'di'slardi'n' si'ni'qlari' Kelteminar kanali'ni'n' qasi'nda tabi'lg'an. Bul jerde adamlar jasag'an turaq jaydi'n' da qaldi'qlari' tabi'lg'an. Bul jay A'miwda'rya tarmag'i'na jaqi'n jerde qumg'a sali'ng'an. Bul jay keyin ala wo'rtenip ketken. Son' suw tasqi'ni' waqti'nda qumdi' suw basqan, wo'rtengen u'ydin' u'stin i'lay basqan. Klimat a'ste-aqi'ri'n wo'zgerip, jay jaylasqan wori'n qaytadan kewip qalg'an. Jaydi'n' ko'lemi 26x17 m. ma'yek ta'rizli sog'i'lg'an. Jay qami's penen ag'ashtan islengen. Woni'n' biyikligi 8-19 m. Jay worayi'ni'n' to'besinde wo'shpes wotti'n' tu'tini shi'g'i'wi' ushi'n tesik bolg'an. Worayli'q wotti'n' do'gereginde awqat tayarlaw ushi'n arnalg'an ko'plegen kishi woshaqlar jaylasqan. Wolardi'n' qasi'nda quslardi'n', ha'rqi'yli' haywanlardi'n', bali'qlardi'n' su'yekleri tabi'lg'an. Jay jaylasqan wori'ndi' ilimpazlar Janbas-4 dep atag'an. Usi' jerge jaqi'n jerdegi kanaldi'n' ati' menen bul alg'ashqi' ma'deniyat Kelteminar ma'deniyati' dep atalg'an.
Bunday jaylarda 100-120 adam birge turg'an. Kelteminar ma'deniyati'na tiyisli Qabat-7 dep atalg'an ja'ne bir jay tabi'lg'an. Ko'lemi boyi'nsha birinshi jaydan sa'l kishirek. Bul jaydi'n' to'besi qami's penen basti'ri'li'p, to'beni ag'ashlar tirep turg'an. Jaydi'n' worayi'nda wot jag'i'li'p, woni'n' do'gereginde woshaqlar jaylasqan. Bunday jaylarda uri'wli'q qa'wim jasag'an, wolardan yele jubaylar shan'araqlari' bo'linip shi'qpag'an. Ku'yewi, hayali', balalari', ayi'ri'm jag'daylarda yerinin' yamasa hayali'ni'n' ata-analari' qanalas tuwi'sqanlari'nan bo'lek jasap wo'z betinshe xojali'q ju'rgizse, wolar jubaylar shan'arag'i' boli'p tabi'ladi'. Kelteminarli'lar qa'wimleri an'shi'lar ha'm bali'qshi'lardan ibarat bolg'an.
Kelteminar ma'deniyati'nan basqa Qaraqalpaqstan aymag'i'nda alg'ashqi' adamlardi'n' basqa da ma'deniyatlari' bolg'an.

Sorawlar ha'm tapsi'rmalar
1. Ma'deniyat degen ne?

2. Kelteminar ma'deniyati'ni'n' qanday wo'zgeshelikleri bar?
3. Kelteminarli'lar qalay jasag'an?
4. Da'pterin'izge "ma'deniyat", "uri'wli'q qa'wim", "jubaylar shan'arag'i'" degen terminlerdin' ma'nisin jazi'p ali'n'.

## 4-tema. Qubla Aral boyi' xali'qlari'n' diniy isenimleri.

Ma'deniyat degen ne yekenin sizler bilip aldi'n'i'z, balalar. Biraq ruwxi'y ma'deniyat degen ne? – dep sorawi'n'i'z mu'mkin. Qosi'qlar, ayaq woyi'nlar, muzi'ka, naqi'l-maqallar, jazi'w, bir-birimiz benen so'ylesetug'i'n tilimiz, dinimiz, awi'zeki shi'g'armalari'mi'z h.t.b. adamlardi'n' ruwxi'y ma'deniyati'n quraydi'.
Qaraqalpaqstan aymag'i'nda Besto'be, Qarato'be to'beshiklerinde, Shi'lpi'q yesteligi do'gereginde tasqa woyi'lg'an su'wretler ha'm belgiler tabi'lg'an. Besto'bede shabandozlardi'n', a'skeriy ko'rinislerdin', qi'li'shlardi'n', tu'yelerdin', atlardi'n', ha'tteki qayi'qli' adamlardi'n' su'wretleri bar. Bul suwretlerdin' ko'bisi islam dini bul jerde wornati'lmastan buri'n sali'ng'an degen sheshimge keliwge boladi'? sebebi islam ni'zamlari'na muwapi'q adam ha'm haywanlardi'n' su'wretin sali'w u'lken gu'na' yesaplanadi'.
Ha'rqi'yli' mu'yeshlerde kesisetug'i'n u'lken ha'm kishi si'zi'qlar ha'm tuwri' mu'yeshlik (tuwri' ha'm qi'ya torlar) tu'rindegi belgiler topari' u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'q tuwdi'radi'. Ilimpazlar bul belgiler "jay, saray" degen ma'ni an'latadi' ha'm ko'p bo'lmeli qa'wimlik jay jobasi'ni'n' si'zi'lmasi' boli'wi' mu'mkin dep boljaydi'. Qi'ya si'zi'q ji'landi', suwdi', ji'ldi'ri'mdi' su'wretlewi itimal. Ko'plegen belgiler-su'wretler yelege shekem "woqi'lg'an" joq. Solay yetip, a'yyem zamanlarda adamlar xabarlardi' ha'ripler ha'm cifrlar arqali' bildirgen.
Biraq islamnan buri'n qanday din bolg'an? Wol zoroastrizm dep atalg'an. Zoroastrizm haqqi'nda 6-klassta "Wo'zbekstan tariyxi'n" u'yrengende toli'g'i'raq biliwin'iz mu'mkin. Zoroastrizm dini ta'repdarlari' du'nyadag'i' tirishilik jaqsi'li'q ha'm jamanli'q gu'resinen ibarat, dep yesaplag'an. Adam balasi' Axuramazda basqarg'an jaqsi'li'q ku'shlerine ko'meklesiwi kerek. Axriman bolsa jamanli'q ku'shlerdin' basi'nda turg'an. Wol ha'rqi'yli' uri's-ja'njeller, awi'ri'w-si'rqawlar, azap-aqi'retler ali'p keledi. Adam wo'limi - bul Axrimanni'n' jen'isi. Wo'lgen adamdi' jerlew, suwg'a taslaw, wotqa jag'i'w qadag'an yetilgen, sebebi nan, suw i'ssi'li'q ha'm jari'qli'q, wot inam yetken jerdi haramlawg'a bolmaydi'. Wo'lgenlerdi arnawli' "ti'ni'shli'q minarasi'na ali'p barg'an. Ta'biyat ta'sirinde wo'liklerdin' tek su'yekleri qalg'anda, wolardi' i'laydan islengen wossuariylarg'a (su'yek saqlag'i'shlarg'a) sali'p, turaqli' qoyar worni'na aparg'an. Wossuariylardi'n' formalari' ha'rqi'yli'

bolg'an. Kishi sandi'qsha tu'ri jiyi ushi'rasadi'. Wolardi' arnawli' bo'lmede (nausta) saqlag'an yamasa jerge ko'mgen.
Qaraqalpaqstan aymag'i'nda Shi'lpi'q zoroastrizm dininin' yesteligi boli'p tabi'ladi'. Woni'n' diametri derlik 69 metrdi quraydi'. 35 metrlik to'beshikte jaylasqan paxsa diywali' menen qorshalg'an. Da'rwazasi' ku'nshi'g'i's ta'repte jaylasqan. Bul jerde turaq jay izleri tabi'lmadi'. Qorg'an ishinde i'lay to'selgen maydansha bar, woni'n' worayi'nda belgiler ha'm jazi'wlar tu'sirilgen u'lken tik tas bar. Shi'lpi'qti'n' janbawi'ri'nda wossuariylardi'n' si'ni'qlari' tabi'lg'an ha'm ha'zirge shekem tabi'li'p ati'r. Shi'lpi'q - tariyxi'mi'zdi'n' yen' a'yyemgi yesteliklerinin' biri. Woni'n' su'wreti Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' gerbinde bar.
Xojeli qalasi'ndag'i' Mizdakxandag'i' Jomart-qassap to'beshigin, To'rtku'l rayoni'ndag'i' Qoyqi'ri'lg'an qala yesteligin ha'm Shi'mbay rayoni'ndag'i' Qusxana tawdi' ha'm Qaraqalpaqstanni'n' ja'ne bir qatar wori'nlari'n zoroastrizm dini menen baylani'sti'radi'.
Alg'ashqi' ja'miyettin' i'di'rawi'. Waqi'tti'n' wo'tiwi menen adamlar ta'biyat haqqi'nda wo'z bilimlerin jetilistirip barg'an. Miynet qurallari'n metallardan islep baslag'an. Da'slepki qurallardi' mi'stan, keyin ala qoladan islegen. A'ste-aqi'ri'n adamlar diyxanshi'li'q ha'm mal sharwashi'li'g'i' menen shug'i'llana baslag'an. Ja'ma'a'tler arasi'nda miynet wo'nimleri menen almasi'w ku'sheygen. Usi'layi'nsha sawda payda bolg'an. Wo'nermentshilik, jip iyiriwshilik, toqi'mashi'li'q, gu'lalshi'li'q, temir ustashi'li'g'i' rawajlang'an. Da'slepki yegislik jerler suwlardi'n' qasi'nda jaylasqan. Son' da'slepki salmalar payda bolg'an. Ma'selen, Ko'kshetawdi'n' qublasi'ndag'i' salmalar uzi'nli'g'i' 129-159 m quraydi', yegislik jerler wolarg'a jaqi'n jaylasqan. u'sh-to'rt jaydan ibarat topar-topar yetip ma'kan jaylar quri'lg'an. Toparlar bir-birinen 1 km qashi'qli'qta jaylasqan. Jaylar tuwri'mu'yeshlik formasi'nda sali'ni'p, jaydi'n' aldi'nda ha'zirgi ha'ywanshalarg'a uqsas yetip jen'il basti'rmalar menen basti'ri'lg'an, do'n'gelek maydanshalari' bolg'an. Waqi'tti'n' wo'tiwi menen salmalar ha'm kanallar uzayi'p, quramalasi'p barg'an. Jerdi awdarg'anda haywanlardan, ma'selen, at ku'shinen paydalang'an. Zu'ra'a'tti qola woraqlar menen wori'p alg'an. Da'ndi tas digirmanlarda untag'an. Qaraqalpaqstanni'n' qurg'aqshi'li'q aymaqlari'nda (u'stirtte, Qi'zi'lqumda) xali'q ko'shpeli xojali'q ju'rgizgen, yag'ni'y mal baqqan, wolardi' jaylawdan jaylawg'a ko'shirgen. Bayli'q - miynet qurallari', mallar, azi'q-awqatlardi'n' basi'm ko'pshiligi ayi'ri'm shan'araqlarda toplana baslag'an. Jeke menshik payda bolg'an. Uri'wlardi'n' a'piwayi' ag'zalari' uri'w, qa'wim basshi'lari', a'skerbasi'larg'a, bas ruwxani'ylerge bag'i'ng'an. Uri'slar jiyi-jiyi boli'p turg'an ha'm qa'wimler awqamlari' payda bolg'an. Qala ma'deniyati' qa'liplese baslag'an.

Sak ha’m massagetler. Ta’biyat ha’m klimatti’n’ ta’sirinde ka’sipler payda bola basladi’. A’miwda’rya boyi’ndag’i’ xali’q diyxanshi’li’q penen, Qi’zi’lqumda, u’stirtte mal sharwashi’li’g’i’ menen shug’i’llang’an. “Buri’n qa’wimler qalayi’nsha atalg’an?”-degen soraw tuwi’li’wi’ mu’mkin. Wog’an juwap qaytari’w an’sat yemes. Ha’rqi’yli’ xali’qlardi’n’ jazba dereklerinde Qaraqalpaqstan jerinde jasag’an qa’wimler tu’rlishe atalg’an. Grek avtorlari’ ko’shpelilerdi massagetler dese, a’yyemgi parsi’ avtorlari’ saklar dep atag’an. Woti’ri’qli’ diyxan xali’qti’ “xorezmliler” degen. Massagetler, saklar terminleri ko’plegen qa’wimlerdin’ awqami’n bildirgen. Ma’selen, massagetler qurami’na derbikler, apasiaklar ha’m basqa qa’wimler kirgen. Soni’n’ ushi’n da ayi’ri’m jag’daylarda “sak-massagetler qa’wimleri” dep ayti’ladi’. Qaraqalpaqstanni’n’ woti’ri’qli’ diyxan xalqi’ ba’rha’ma’ ko’shpeli qa’wimler menen qon’si’ jasag’an. Diyxanshi’li’q-sharwashi’li’q ma’deniyati’ qa’liplesti, bali’qshi’li’q penen an’shi’li’q qosi’msha ka’rge aynaldi’. A’miwda’ryani’n’ won’ ha’m shep jag’alari’ndag’i’ jerlerde suwg’ari’w da’ryani’n’ ag’i’si’na, an’g’ari’ni’n’ bari’si’na g’a’rezli bolg’an. Ko’shpeliler qa’wimleri az suwg’ari’latug’i’n jerlerde jaylasqan. Ma’selen, Qaraqalpaqstanni’n’ arqa-bati’si’nda, ha’zirgi Qon’i’rat rayoni’nda Aqshu’ngil yesteligi bar. Woni’n’ xalqi’ mal sharwashi’li’g’i’ menen, suwg’ari’lmaytug’i’n diyxanshi’li’q penen shug’i’llang’an. u’stirtte qi’si’-jazi’ u’stirt penen Tu’slik Uralboyi’ arasi’nda ko’ship-qoni’p ju’rgen qa’wimler jasag’an. Bul sharwalar qi’sta mallari’n u’stirt jaylawlari’na aydap kelgen, wonnan to’men tu’sip diyxanlar shegaralari’na kelgen. Shegaralas awi’llarda zatlar menen almasi’w sawdasi’ boli’p turg’an, yag’ni’y diyxanshi’li’q ha’m wo’nermentshilik wo’nimleri ko’shpelilerdin’ mal sharwashi’li’q wo’nimleri menen almasti’ri’li’p turg’an.

Sorawlar ha’m tapsi’rmalar

1. Ruwxi’y ma’deniyat degen ne?
2. Shi’lpi’q yesteligi haqqi’nda neni bilesiz?
3. Sak ha’m massagetler haqqi’nda ayti’p berin’.

## 5-tema. Axomaniyler ha’m Grek-makedonli’lar da’wirindegi Qubla Aral boyi’ aymag’i’.

Ha’zirgi Qaraqalpaqstan jerlerin ko’plegen ma’mleketler basi’p ali’wg’a uri’ni’p ko’rgen. Persiya patshasi’ Kir sak ha’m massagetler jerine basi’p kirgen. Tomaristin’ Patsha Kir menen gu’resi, woni’n’ massagetlerge qarsi’ atlani’sta nabi’t boli’wi’ haqqi’nda “Watan tariyxi’ gu’rrin’leri” sabaqli’g’i’nan tani’ssi’z. Patsha Kirdin’ son’g’i’ sawashi’ u’stirt aymag’i’nda

boldi’ degen boljawlar da bar. A’yyemgi grek avtori’ Gerodotti’n’ ko’rsetken Araks da’ryasi’ A’miwda’rya yamasa Uzboy boli’wi’ mu’mkin.
Qaraqalpaq shayi’ri’ I.Yusupov “Tomaris” poemasi’nda massagetler patshasi’ Tomaristin’ yerligi ha’m Patsha Kirdin’ wo’limi haqqi’nda to’mendegishe ta’riypleydi:

... Lebizimdi ali’p yeske,
Toyg’i’zayi’n qang’a seni -
Dep qan toli’ qara meske
Ti’g’i’p jiberdi gelleni...

Patsha Kirdin’ wo’ltiriliwi azatli’qqa ali’p kelgen joq. Wol woti’ri’qli’ diyxan xali’qti’ bag’i’ndi’ra aldi’ ha’m xorezmliler Persiya patshali’g’i’ qurami’na woni’n’ satrapi’ retinde kirgizildi. Al, ko’shpeliler gu’resin dawam yetti. Dariy I tusi’nda Bexistun jazi’wlari’nda bayan yetilgen ko’terilis ju’z berdi. Ko’terilis jasag’an wa’layatlar arasi’nda saklar yeli de ko’rsetiledi. Dariy I a’skerleri saklardi’n’ izinen quwi’p, ten’iz yamasa Uzboy boylari’nda jen’ip shi’g’adi’, saklar ko’semlerinin’ birewin tutqi’ng’a ali’p jazalaydi’. Keyin ala saklardi’n’ ja’ne bir ko’semi - Skunxa tutqi’ng’a ali’nadi’. Saklardi’n’ uzaq dawam yetken gu’resi tuwrali’ tariyxshi’ Polien de jazadi’. Woni’n’ “A’skeriy hiylekerlikler” degen miynetinde Dariy I nin’ saklar menen gu’resi yeki ma’rte so’z yetiledi. Shirak ismli saklar yelin dushpannan qorg’ag’an padashi’ni’n’ ma’rtlikleri tuwrali’ gu’rrin’ sizlerge ma’lim. Yekinshi gu’rrin’de saklar wo’z ku’shlerin u’sh toparg’a bo’lgenligi tuwrali’ bayalanadi’. Persiyali’lar saklardi’n’ bir topari’n qi’yrati’p, wolardi’n’ kiyimlerin kiyip ali’p, saklardi’n’ yekinshi topari’na «doslar» boli’p jaqi’nlasi’p baradi’. Saklardi’n’ yekinshi topari’n qi’yratqannan son’ persiyali’lar saklardi’n’ u’shinshi topari’ izinen jetip aladi’. Jazba dereklerde Qaraqalpaqstan xalqi’ni’n’ Axamoniyler patshalari’ menen ju’rgizgen qaharmanli’q gu’resleri usi’layi’nsha bayanlanadi’. Persiya patshasi’ Artakserks III tusi’nda Xorezm wo’z betinshe satrapiya bolg’an. Bul jerde Axamoniyler ma’mleketinin’ basqa satrapiyalardan wo’zgeshe ma’deniyat qa’liplesken. Dariy III hu’kimlik su’rgen da’wirde Xorezm xali’qlari’ wo’z betinshe ma’mleket du’zgen. Qaraqalpaqstan aymag’i’ Axamoniyler ma’mleketi qurami’na kirgen da’wirden ko’plegen yestelikler saqlani’p qalg’an. Wolardi’n’ ishinde ko’p bo’lmeli Dingilje ha’wlisi, Qoyqi’ri’lg’an qala qorg’ani’ ha’m ibadatxana (To’rtku’l rayoni’) kiredi. u’stirttin’ qubla-bati’s ta’repinde uzi’nli’g’i’ 2 km 600 m tas diywaldi’n’ qaldi’qlari’ tabi’lg’an, wol Da’wkesken qalasi’ dep atalg’an. Woni’n’ quri’li’si’ Xorezmnin’ Ahamoniyler ma’mleketi qurami’nan shi’qqan waqti’na tuwri’ keledi.
Sak-massagetler konfederaciyasi’ ha’m Iskender Zulqarnayn. Aleksandr Makedonskiydi Worta Aziya xali’qlari’ Iskender Zulqarnayn dep atag’an. Wol Persiya patshasi’ Dariy III a’skerlerin jen’ip shi’g’i’p, Kaspiy ten’izine

jaqi’nlasi’p keledi. Narazi’ persiyali’lar a’skerbasi’lari’ patsha Dariy III ti wo’ltiredi ha’m ha’kimiyat Baktriya satrapi’ Besstin’ qoli’na wo’tedi. Besstin’ izinen quwi’p grek-makedonlar a’skerleri A’miwda’ryadan wo’tedi ha’m Maraqand qalasi’n (ha’zirgi Samarqand) basi’p aladi’. Da’slepki waqi’tlari’ Iskender Zulqarnayng’a qarsi’li’qlar ko’rsetilmeydi, sebebi xali’q woni’ azatli’q a’keliwshi dep tu’singen. Biraq Maraqand qalasi’ menen a’tirapi’ndag’i’ awi’llar qi’yrati’lg’annan keyin jan’a basqi’nshi’larg’a qarsi’li’qlar ku’sheyedi. Xali’qti’n’ qarsi’li’qlari’ basqi’nshi’larg’a qarsi’ g’alaba gu’reske aylanadi’. Bul gu’resti Spitamen basqaradi’. Sak ha’m massagetler wog’an qosi’ladi’. Wolardi’n’ ja’rdeminde Spitamen grek-makedonlar topari’n qi’yratadi’. Spitamen ha’r qi’yli’ a’skeriy hiyleler qollanadi’. Iskender Zulqarnaynni’n’ ku’shleri jaqi’nlag’anda wol wo’z a’skerlerin sho’listang’a qaray ali’p qashadi’. Biraq Makedoniya patshasi’ da ma’kkarli’q penen awqamlaslardi’ ayi’ri’p taslaydi’. Qi’zi’lqumda jasawshi’ qa’wimler Spitamendi qollap-quwatlawdi’ toqtatadi’, al A’miwda’ryani’n’ shep jag’alawlari’ndag’i’ massagetler Spitamennin’ awqamlasi’ boli’p qaladi’. Spitamen jen’iliske ushi’rap artqa sheginedi. Grek-makedonlar a’skerleri woti’ri’qli’ diyxan xali’qti’ jawi’zlarsha qi’yratadi’, massaget ko’semlerin qorqi’tadi’, ayi’ri’m hu’jjetler boyi’nsha, Spitamen buri’ng’i’ awqamlaslari’ ta’repinen wo’ltiriledi, basqa hu’jjetlerge qarag’anda, quldi’n’ ja’rdemi menen wo’zinin’ hayali’ wo’ltiredi. Worayli’q Aziyada Iskender Zularnayn a’skerlerine u’sh ji’l dawami’nda ku’shli qarsi’li’qlar ko’rsetilgen. Sak ha’m massagetler qatnasqanli’g’i’ sebebinen uri’s bunday uzaq dawam yetti. Ha’zirgi Qaraqalpaqstan aymag’i’nan Iskender Zulqarnayn a’skerleri tikkeley basi’p wo’tken joq. Xorezm ma’mleketi wo’z g’a’rezsizligin saqlap qaldi’. Xorezm hu’kimdari’ Farasman qon’si’ massagetler menen birigip yelshi arqali’ Iskender Zulqarnayng’a birliktegi sawash ju’rgiziw ushi’n a’skeriy awqamlas boli’wdi’ usi’ng’an ha’m wolardi’n’ arasi’nda uri’s baslag’an.

Iskender Zulqarnayn qayti’s bolg’annan keyin Xorezm ma’mleketi wo’z g’a’rezsizligin saqlap turdi’. Bul da’wirde Xorezmnin’ arqa ta’repinde jaylasqan xali’qlar menen baylani’slar ku’sheydi, ha’zirgi Qaraqalpaqstan aymag’i’na ko’shpeliler kelip turadi’. Qan’li’ ma’mleketi qurami’na kiriwshi Si’rda’rya boyi’nda jasag’an ko’shpeliler a’sirese ku’shli ta’sir jasag’an.

Xorezm woazisinde a’yyemgi Xorezm jazi’wi’ qa’liplesti. Qoyqi’ri’lg’an qalada jazi’wlari’ bar i’di’slar ha’m ha’ykeller tabi’ldi’. Wolardi’n’ birewinde “Atli’” degen jazi’w woqi’ladi’. B.e.sh. II a’sir aqi’ri’ - I a’sir basi’nda Xorezm woazisinde wo’z ten’geleri shi’g’ari’la basladi’, wolarg’a patsha Arsamux I ismi jazi’lg’an. Wolarda Xorezm patshalari’ni’n’ tamg’asi’ saqlang’an. Tamg’a - bul menshiklik belgisi. Ten’gelerde tamg’alardi’n’ payda boli’wi’ ma’mlekettin’ biyg’a’rezligin an’latqan. Ma’mlekette wo’z ten’geleri

jetispey qalg'an jag'daylarda basqa ma'mleketler ten'gelerinen de paydalang'an, biraq wolarg'a wo'z patshasi'ni'n' tamg'asi'n basqan.
Paytaxti' Topi'raq qala bolg'an (ha'zirgi Yellikqala rayoni'). Paytaxtti'n' ko'lemi 500x300 m. ge ten' bolg'an. Wol qorg'an diywali' menen qorshalg'an. Qorg'an diywallari' to'rtmu'yeshli minarlar menen bekkemlengen. Topi'raq qalani'n' arqa ta'repinde patsha sarayi', wot ibadatxanasi', bazar maydani' jaylasqan. Saray u'sh qabatli' bolg'an. Ha'zir saray qarabaxanalari'ni'n' qaldi'qlari' 25 m. biyiklikke ten'. Saray bo'lmeleri saz i'laydan islengen skulpturalar ha'm diywalg'a sali'ng'an su'wretler menen bezelgen. Tiykarg'i' bo'lmelerden basqa xojali'q bo'lmeleri de bolg'an. Wolarda qural-jaraqlar, kiyim-kenshekler saqlang'an, woqjaylar tayarlawg'a arnalg'an ustaxanalar bolg'an. Patsha arxivinde a'yyemgi Xorezm tilinde taxtayshalar menen terige jazi'lg'an bir neshe ju'zlegen hu'jjetler tabi'lg'an. Topi'raq qalani'n' qubla ta'repinde qala imaratlari' jaylasqan.
Qubla da'rwazadan yeni 10 m. bolg'an ko'she baslang'an, wol qalani' qaq jari'p wo'tken. Son' paytaxt jan'a wori'ng'a ko'shirilgen. Qaraqalpaqstanni'n' shep jag'alawlari'nda sharwalar topari' jasag'an. U'stirtten usi' jerge ko'shpelilerdin' qosi'msha topari' qi'slawg'a kelip turg'an.
Afrigiyler. A'biw Rayxan Beruniydin' tasti'yi'qlawi'nsha, Xorezm woazisinde jergilikli ji'l yesabi' yengizilip, ha'kimiyat basi'na jan'a dinastiya kelgen. Dinastiyani'n' tu'p atasi' a'psanag'a aynalg'an Siyavush bolg'an. Ilimpazlardi'n' boljawlari'na qarag'anda, ten'gelerdegi atli' shabandoz Siyavushti'n' su'wreti. Xorezmde hu'kim su'riwshi dinastiyag'a tiykar sali'wshi' Afrigtin' ati' menen afrigiyler dinastiyasi' dep atalg'an. Afrigiyler X a'sirdin' aqi'ri'na deyin basqarg'an. Wolar Tu'rk qag'anati', Arab xaliyfati' shabi'wi'llari'n basi'nan keshirgen, sol ma'mleketlerden g'a'rezli boli'p jasag'an. Afrigiylerdin' paytaxti' Qi'yat qalasi'na ko'shirilgen (ha'zirgi Beruniy qalasi'). Wol u'lken qala bolg'an. Wol u'sh bo'limnen: a'skeriy qalashadan (a'l-Fir), yeski qaladan (Shahristan), jan'a qaladan (rabadtan) ibarat bolg'an. Qaraqalpaqstanni'n' Yellikqala rayoni'nda afrigiyler ma'deniyati'na tiyisli ko'plegen qorg'an-saraylar jaylasqan. Wolardi'n' yen' irisi Bu'rkit qala menen Jekke-Parsan boli'p tabi'ladi'. Bu'rkit qala qorg'ani'nda uri'slar waqti'nda uzaq mu'ddetli qamal boli'w mu'mkinshiligin yesapqa ali'p, qala ishinen hawi'z qazi'p qoyi'lg'an. Jekke-Parsan qorg'ani' ju'da' bekkem sali'ni'p, woni'n' do'geregin 25 metrlik wor qorshap turg'an. Wolardi'n' ishinde minarli' qorg'an diywallari' bolg'an. Turaq jaylar (donjon) basqa bo'lmeler menen aspa ko'pir arqali' baylani'si'p turg'an. Afrigiyler ma'deniyati'ni'n' yesteligi bolg'an Baraqtam Qaraqalpaqstanni'n' Taxtako'pir rayoni'nda jaylasqan. Baraqtam awi'li' u'sh iri imaratlar a'tirapi'nda jaylasqan won-won bes bir qabatli' i'laydan islengen jaylardan ibarat. Worayli'q imarat bay sharwa ushi'n sali'ng'an. Woni'n' biyikligi 10 m. Diywallari' bir neshe

ma’rte won’lang’an, qali’n’li’g’i’ 1,5-2,5 m. u’lken wo’jiresinin’ to’besi qara u’ydi yelesletedi. Qara u’y- ko’shirmeli jay. Ha’zirgi waqi’tta da qaraqalpaqlar gerbish jayi’ni’n’ qasi’na qara u’y tigedi.
Qaraqalpaqstan jeri Ulli’ Jipek Joli’nda. Ulli’ Jipek Joli’ - bul Qi’tay ha’m Hindstandi’ Yevropa ma’mleketleri menen baylani’sti’ri’p turg’an ka’rwan joli’. Bul jol basli’ ha’m ko’plegen qosi’msha jollardan ibarat bolg’an. Wol biyik tawlar, shi’jg’i’rg’an sho’listanlar, burqasi’nli’ da’ryalar, teren’ ko’ller arqali’ wo’tken. Jol tu’rli xali’qlar menen ma’mleketlerdi tutasti’radi’. Bul jollardi’ sawdagerler, yelshiler, sayaxatshi’lar, a’skerler basi’p wo’tken. Qi’taydan ali’p kelinetug’i’n tiykarg’i’ tawar jipek yedi. Ulli’ Jipek Joli’ ko’p a’sirler dawami’nda qa’liplesken. Qaraqalpaqstan jerinen de Ulli’ Jipek Joli’ wo’tken. Axamoniyler da’wirinde Uzboy suwg’a toli’p turg’an, A’miwda’rya arqali’ Sari’qami’s ha’m Uzboy arqali’ Kaspiy ten’izine suw joli’ wornati’lg’an. Termiz qalasi’nda buri’n sawda kemeleri toqtaytug’i’n port bolg’an. Termizden da’rya menen to’menge qaray Xorezm woazisine shekem suw joli’ menen 10 ku’nde jetiwge bolatug’i’n yedi.
Ko’plegen zatlar sawda rawajlani’wi’ni’n’ tilsiz guwasi’ boli’p tabi’ladi’. Topi’raq qalada Hindstanda islengen monshaqlar tabi’lg’an. Qoyqi’ri’lg’an qalada balali’ maymi’ldi’n’ ha’m jawli’q jami’li’p woti’rg’an hayaldi’n’ mu’sinleri tabi’lg’an. Bunday jawli’q jami’li’w Hindistan da’stu’rlerinde wori’n alg’an. Sultan Wayistegi Ga’wir qalada pil mu’sini tabi’lg’an. Kislovodsk qalasi’nda Xorezm patshasi’ Savafshanni’n’ ati’ woyi’lg’an gu’mis ten’geler (VIII a’sir), Dag’i’standa Xorezmnin’ gu’mis i’di’slari’ tabi’lg’an. Volga boylari’nda da Xorezmlik buyi’mlari’ ushi’rasadi’.
Qaraqalpaqstan aymag’i’nan wo’tetug’i’n ka’rwan joldan ko’p a’sirler dawami’nda paydalani’lg’an, arablar da, mong’ollar da sawda qatnasi’qlari’n joq yete almag’an. Sawda menen bir waqi’tta ma’deniyat jetiskenlikleri menen de almasi’li’p turi’lg’an, sebebi zatlardi’n’ bir bo’legi A’miwdaryani’n’ quyarli’g’i’nda qali’p, jergilikli wo’nermentler ushi’n u’lgi si’pati’nda xi’zmet yetken. Mizdakxanda (Xojeli rayoni’) Qi’tay farfori’ (shi’ni’) u’lgileri ushi’rasadi’. Wolarg’a Qi’tay yeroglifleri jazi’lg’an, gu’ller, miyweler, aydarhalar, bali’qlardi’n’ su’wretleri sali’ng’an. Wo’nermentler basqalardi’n’ buyi’mlari’n tek ko’shirip g’ana qoymastan, wo’ndiristin’ jergilikli da’stu’rlerin yesapqa alg’an halda wo’z buyi’mlari’n do’retken. Ma’selen, mong’ollar jawlap almasi’nan buri’ng’i’ da’wirde tas, metall, keramikali’q i’di’slarda haywanlardi’n’, a’sirese tawi’slardi’n’, u’yreklerdin’, qoyanlardi’n’ su’wretleri sali’ng’an.

Sorawlar ha’m tapsi’rmalar

1. Qaraqalpaqstan xalqi’ni’n’ Axamoniyler patshalari’ menen gu’reske qosqan u’lesi haqqi’nda ayti’p berin’.

2. Ne ushi’n Iskender Zulqarnayn u’sh ji’lg’a shekem Turan xalqi’ni’n’ qarsi’li’qlari’n jen’e almadi’?
3. Topi’raq qala haqqi’nda sizler ne bilesiz?
4. Afrigiyler kimler?
5. Qaraqalpaqstan aymag’i’nan Ulli’ Jipek Joli’ wo’tkenin qalay da’liyllewge boladi’?
6. Afrigiyler ma’deniyati’na tiyisli qorg’an-saraylardi’n’ atamalari’n da’pterin’izge jazi’p ali’n’.

## 6-tema. Qubla Aral boyi’ jerlerinin’ arablar ta’repinen basi’p ali’ni’wi’.

Arablardi’n’ basi’p ali’wi’. Xorezmdi yeki tuwi’sqan basqarg’an. Barli’q ha’kimiyat, soni’n’ ishinde a’skeriy ha’kimiyat Xurrizadani’n’ qoli’nda bolg’an. Yekinshi inisi Shag’an bolsa diniy ha’kimiyatti’ iyelep turg’an. Sol da’wirde Mari’da (Tu’rkmenstan Respublikasi’) arab basqi’nshi’lari’ bolg’an. Arab a’skerbasi’si’ Kuteyba ibn Muslim Samarqandqa atlani’sqa tayarlani’p ati’rg’anda Shag’an woni’n’ menen til biriktiredi. Xurrizadani’ aldap, 712-ji’li’ arablar ku’tilmegen jerde Xorezmde payda boladi’ ha’m woni’n’ a’skerlerin qi’yratadi’. Beruniydin’ tasti’yi’qlawi’na qarag’anda, arablar Xurrizadani’ qolg’a tu’sirip jazalaydi’. Basqi’nshi’lar Shag’anni’n’ qarsi’laslari’n jawi’zlarsha qi’yratadi’, 4 mi’n’ adamdi’ wo’ltiredi. Kuteyba Ibn Muslim Xorezmnen ketkennen keyin xali’q ko’terilis jasaydi’. Arablar wolardi’ jazalaw ushi’n atlani’s jasaydi’. Ko’p adamlar wo’ltirilip, tiri qalg’anlari’na sali’q (jizya) sali’nadi’. Xorezmge arab nayi’bi’ tayi’nlanadi’. Wol Gurganj (ha’zirgi Tu’rkmenistan Respublikasi’ndag’i’ Go’ne U’rgenish) qalasi’nda jaylasadi’. Afrigiyler dinastiyasi’ so’z ju’zinde g’ana wo’z ha’kimiyati’n saqlap qalg’an. Wolar Qi’yat qalasi’nan basqari’p woti’radi’. Woni’n’ qarawi’ndag’i’ xali’q arablarg’a xaradj to’lewi tiyis yedi. Xaradj - bul jer sali’g’i’. Woti’ri’qli’ ha’m ko’shpeli xali’q basqi’nshi’larg’a qarsi’ gu’res ali’p baradi’. 728-ji’li’ arablar ushi’n ju’da’ awi’r ji’l boldi’. Wolardi’n’ a’skerleri Mawarannaxrdi’n’ ko’plegen qala ha’m rayonlari’nan quwi’p shi’g’ari’ladi’. “Mawarannaxr” arab so’zi boli’p, “da’ryani’n’ arg’i’ jag’i’ndag’i’” degen ma’ni an’lati’p, A’miwda’rya ha’m Si’rda’rya arali’g’i’ndag’i’ jerlerdi bildirgen. 728-ji’li’ Kerderde de ko’terilis bolg’an. Ko’p uzamay A’miwda’ryani’n’ to’mendegi jag’i’nda jasawshi’ xali’qlar Arab xaliyfati’na boysi’ng’an. Afrigiylerdin’ birewi Abdallax musi’lman ismin qabi’llawi’ ha’m wolardi’n’ ten’gelerine shabandoz su’wreti u’stinde arab nayi’blari’ni’n’ atlari’ payda boli’wi’ birotala bag’i’ng’anli’qti’ bildiredi. A’miwda’rya boylari’ Xorasan wa’layati’na kirgiziledi.
Kerder. Arablardi’n’ Worta Aziyani’ jawlap ali’wlari’na tiyisli jazba dereklerde “Kerder”, “Kurder”, “Kardar” so’zleri ushi’rasadi’. Bul ha’zirgi

Qaraqalpaqstanni'n' arqa ta'repinde jaylasqan kanal, qala ha'm wa'layatti'n' atamasi' bolg'an. Bul jerlerde ko'plegen ko'ller, batpaqli'qlar bolg'an, ag'i'n suwlar ag'i'p turg'an. Kerder xojali'g'i' sharwashi'li'q-diyxanshi'li'q si'patqa iye bolg'an. Iri qara mal (si'yi'r, wo'giz) baqqan. Ko'llerdin' kewip qalg'an ultanlari'nda ju'weri, tari', arpa, biyday, qawi'n, qabaq yekken.
Kerder turg'i'nlari' ha'r qi'yli' bali'q tu'rlerin - su'wen, shortan, sazan, i'laqa, si'la, shabaq bali'qlar awlag'an. Wolar an'shi'li'q penen de shug'i'llang'an. Bul jerlerde jolbari's, qulanlar ko'p bolg'an. Kerder qalasi' Kerder walayati'ni'n' worayi' bolg'an (ha'zirgi No'kis rayoni'ndag'i' Haywan qala). Bag'dat qalasi' da Kerder ma'deniyati'na tiyisli bolg'an (Qarao'zek rayoni'). Bag'datti'n' ko'lemi 300x400m. Qala diywallari' bekkemlengen. Shi'mbay rayoni'ndag'i' Ku'yik qala kishi biyiklik u'stinde jaylasqan. Woni'n' ko'lemi 27 ga. Ku'yik qala uzaq ji'llar dawami'nda sali'ng'an, soni'n' ushi'n woni'n' ha'r ta'replerindegi jaylar ha'r qi'yli' da'wirlerge tiyisli. Taxtako'pir rayoni'ndag'i' Qorg'ansha yeni 8 m, biyikligi 3 m bolg'an qorg'ani'w diywallari'na iye boli'p, 12 ga ko'lemdegi jerde jaylasqan. Qorg'anshani'n' bati's ta'repinde 15 kvartal tabi'lg'an, qubla ta'repinde jaylar bolmag'an. Jaylardi'n' ishinde woshaqlar, tandi'rlar, xojali'q shuqi'rlari', si'palar tabi'lg'an. Xojali'q shuqi'rlari'nda shubi'rmali' ha'm suyi'q zatlar saqlaw ushi'n qumanlar, i'di'slar tabi'lg'an. Kerder imaratlari', wo'nermentlerinin' tayarlag'an buyi'mlari' Xorezmliler tayarlag'an buyi'mlardan wo'zgeshe bolg'an. Kerder ma'deniyati' qa'wimler awqami' ta'repinen do'retilgen. Kerder turg'i'nlari' Xorezmlilerden basqa tilde so'ylegen. Bul jerde wo'z ten'gesin shi'g'arg'an. Wolardi'n' birewinde Kerder ha'kiminin' ati' jazi'lg'an. Kerder ha'kiminin' taji' jatqan yeki wo'rkeshli tu'ye tu'rinde su'wretlengen. Kerderden ti'sqari' jerlerde Xusraw tengeleri ju'da' siyrek ushi'rasadi'. Kerder ha'm Xorezmnin' wo'z-ara qatnasi'qlari' quramali' si'patqa iye bolg'an. Kerder patshalari'ni'n' birewi 712-ji'li' qi'sqa waqi't dawami'nda, Xorezmnin' de patshasi' bolg'an. Keyin ala arablar jawlap alg'annan son' Kerder ma'deniyati' Xorezm ma'deniyati' menen aralasi'p ketken. Kerder Xorezmnin' bir bo'legi boli'p yesaplang'an, biraq ayri'qsha wa'layat bolg'an. Qaraqalpaqlardi'n' xali'q boli'p qa'liplesiwinde Kerder ma'mleketinin' tutqan worni' u'lken bolg'an.
Qaraqalpaqstan qalalari' menen qorg'anlari' (VIII-X a'sirler). Qaraqalpaqstanda qala turmi'si' a'yyemnen kiyati'rg'an da'stu'rlerge iye. Qala, qorg'anlardi' u'yrengende ilimpazlar iranli'lardi'n' ha'm arablardi'n' arnawli' terminlerinen paydalanadi'. Kuxandiz degen yeski qorg'an yamasa qala, madina yamasa shaxristan - ishki qala, rabad -qala a'tirapi' degendi an'latadi'. "Qalalar buri'n qanday bolg'an?"-degen soraw payda boli'wi' mu'mkin. Yellikqaladag'i' Tesikqala sol zamanlardag'i' Xorezmnin' qorg'an-sarayi'. Woni'n' ko'lemi 99x199 m. 8-9 m. shekemgi qorg'an diywallari'

saqlani’p qalg’an. 8 bo’lmeden ibarat turaq jay minarasi’ iri to’rtmu’yeshlik tu’rinde qam gerbishten wo’rilgen. Minardi’n’ si’rtqi’ diywallari’ bir qatar do’n’gelek yari’m kolonnalar tu’rinde sali’ng’an. Minardi’n’ worayi’nda qudi’qli’ bo’lme bolg’an, al do’gereginde turaq jaylar ha’m xojali’q bo’lmeleri jaylasqan. Bo’lmelerdin’ birewi saltanatli’ zal xi’zmetin atqarg’an. Ilimpazlar qazi’p izertlegen waqi’tta woni’n’ yedeninde gu’lli ju’n gilemnin’ qi’yi’ndi’lari’ tabi’lg’an. Xojali’q bo’lmelerde miywe ag’ashlari’ni’n’ shan’g’alaqlari’, ju’weri, tari’ tuqi’mlari’ tabi’lg’an.
996-ji’lg’a shekem Qi’yat won’ jag’adag’i’ Xorezm paytaxti’ boli’p kelgen, A’miwda’ryani’n’ to’mengi jag’i’nda jaylasqanli’qtan bir neshe ret suw asti’nda qalg’an. Yeski qalada a’skeriy qorg’an, ishki qalada bas meshit, bazar ha’m qamaqxana bolg’an. Qi’yatqa ha’rqi’yli’ wa’layatlardan sawdagerler kelip turg’an. Qi’yat turg’i’nlari’ arasi’nda sawatli’ adamlar, ilimpazlar, sazendeler, quri’li’sshi’lar, wo’nermentler ko’p bolg’an.
Ha’zirgi Xojeli rayoni’nda Ga’wir qala, Mizdaxkan yestelikleri bar. Bul jerde adamlar bir neshe a’sirler dawami’nda jasag’an. IX-X a’sirleri A’miwda’rya ha’zirgi ag’i’p turg’an worni’nan bati’si’raq jerden ag’i’p turg’an. Mizdaxkan sol waqi’tta da’ryani’n’ won’ jag’asi’nda jaylasi’p turg’an ha’m Tu’slik Aralboyi’ qalalari’ni’n’ yen’ irisi bolg’an. Ma’deniy ha’m ilimiy a’hmiyeti boyi’nsha woni’ Afrasiab penen sali’sti’ri’wg’a boladi’.
Yellikqala rayoni’ndag’i’ Narinjan qalani’n’ ko’lemi 500x500 m. Rabad aymag’i’nda Narinjan baba mavzoleyi jaylasqn. Wol Qaraqalpaqstanni’n’ yeski diniy-arxitekturali’q yesteligi boli’p tabi’ladi’. Mavzoley u’sh ma’rtebe buzi’lg’an. XX a’sirdin’ 90-ji’llari’ toli’g’i’ menen qayta tiklengen.

Sorawlar ha’m tapsi’rmalar
1. Kerder ma’deniyati’ qanday bolg’an?
2. Kerder Xorezmnin’ basqa qalalari’nan ne menen aji’rali’p turadi’?
3. Arablar A’miwda’rya boylari’n qalayi’nsha basi’p alg’an?
4. VIII-X a’sirlerdegi Qaraqalpaqstanni’n’ qala ha’m qorg’anlari’ haqqi’nda nelerdi bilesiz?

## II BAP. A’MIR TEMUR HA’M QUBLA ARAL BOYI’ XALI’QLARI’.

### 7-tema. A’mir Temur – ulli’ ma’mleketlik g’ayratker.

Alti’n Wordada ha’kimiyat ushi’n gu’res baslang’anda Xorezmde Qon’i’rat qa’wiminen Suwfi’lar dinastiyasi’ basqari’p turdi’. Wolar Xorezmdi birden-bir ma’mleketke birlestiriw ushi’n gu’res basladi’. Xuseyn Suwfi’ Qi’yat ha’m Xiywa qalalari’n iyelep aldi’. Bul da’wirde Mawarennaxr jerlerine A’mir

Temur hu'kimlik yeter yedi. Wol Xorezmnin' Shag'atay uli'si'n qayti'p ali'wdi' na'zerde tutti'. 1372-ji'li' Temur Xuseyn Suwfi'g'a yelshisin jiberip, basi'p ali'ng'an jerlerdi qaytari'wdi' talap yetti. Xuseyn Suwfi' bas tartqannan keyin Temur a'skerleri Qi'yat qalasi'n basi'p aldi'. Xuseyn Suwfi' A'mir Temurdi'n' talaplari'n wori'nlawg'a tayar bolg'anda, woni'n' a'skerbasi'lari'ni'n' birewi ja'rdem beremen dep, Xuseyn Suwfi'ni' boysi'nbawg'a u'gitleydi. Xuseyn Suwfi'ni'n' a'skerleri jen'iliske ushi'rap, wo'zi u'rgenishke qashi'p, ko'p uzamay qayti's boladi'. Xuseyn Suwfi'ni'n' worni'n inisi Yusuf Suwfi' iyeleydi. A'mir Temur wog'an kelisimnin' jan'a sha'rtlerin usi'nadi', Yusuf wolarg'a kelisim beredi. Is ju'zinde Yusuf Suwfi' kelisimnin' sha'rtlerin wori'nlawdi' woyi'na da almag'an ha'm Temur a'skerleri qaytqannan keyin ja'ne uri's ashadi'. A'mir Temur a'skerleri Xorezmge qaytadan woraladi', biraq a'skeriy soqli'g'i'si'w ju'z bermeydi, sebebi Yusuf kelisim sha'rtlerin wori'nlayman dep ja'ne wa'de beredi. Na'tiyjede A'miwda'rya boylari' ja'ne yekige bo'linip, bir jag'i' Alti'n Worda ta'repinde qaladi', yekinshisi bolsa A'mir Temur ma'mleketi qurami'na kiredi. Ma'mleketlik g'ayratker ha'm ta'jiriybeli a'skerbasi' bolg'an A'mir Temur wo'z ma'mleketi ushi'n Alti'n Wordani'n' qa'wip tuwdi'ratug'i'nli'g'i'n jaqsi' tu'singen ha'm wondag'i' ju'z berip ati'rg'an waqi'yalardi' bilip woti'rg'an. Ku'nlerdin' birinde Man'g'i'shlaqti'n' ha'kimi wo'ltiriledi. Woni'n' uli' Toqtami's Alti'n Wordadan Temur ta'repke qashi'p bari'p, wonnan ja'rdem soraydi'. Tiyisli ja'rdem ali'p Toqtami's Alti'n Wordada ha'kimiyatti'n' basi'na shi'g'i'p, xan bolg'annan keyin Toqtami's A'mir Temurg'a ku'sh ko'rsete basladi'. Temurdi'n' Irang'a atlani'si' waqti'nda Toqtami's Xorezm hu'kimdari' Suleyman Suwfi'ni'n' qollap-quwatlawi' menen Temurdi'n' aymag'i'na hu'jim jasaydi'. Qa'ha'rlengen A'mir Temur 1388-ji'li' Xorezmge bolg'an son'g'i' hu'jiminde Suwfi'lar dinastiyasi'n saplasti'radi'. A'miwda'ryani'n' to'mengi ta'repi temuriyler ma'mleketi qurami'na kiredi.

A'mir Temur qayti's bolg'annan keyin, 1406-ji'ldan 1413-ji'lg'a shekem, A'miwda'rya quyarli'g'i'n waqti'nsha Alti'n Wordani'n' a'miri Yedige basqaradi'. Yedige - Alti'n Wordani'n' a'skerbasi'si', iri ma'mleketlik g'ayratkeri bolg'an. Yedige Shi'n'g'i'sxan a'wladi'nan bolmag'an, soni'n' ushi'n ma'mlekette yekinshi lawazi'mdi' iyelep turg'an, al Alti'n Worda taxti'nda Yedigenin' aytqani'n wori'nlap turg'an xanlar woti'rg'an. Toqtami's penen Yedige ha'kimiyat ushi'n gu'resken. Biraq Yedige xan boli'wdi' maqset yetip qoymag'an, wol wo'z adami'n xan yetip ja'riyalawg'a talpi'ng'an. Yedige Mi'sr ha'm Temuriyler ma'mleketi menen jaqsi' qatnasi'qlarda bolg'an. Ko'plegen tu'rk xali'qlari'nda (qaraqalpaqlarda, nog'aylarda, bashqurtlarda h.t.b.) "Yedige" da'stani' bar. "Da'stan" termini "so'z, gu'rrin', qosi'q" degen ma'nilerdi an'latadi'. Da'stan tariyxi'y waqi'yalarg'a quri'ladi'

ha'm qosi'q yamasa qara so'z tu'rinde nama menen atqari'ladi'. Yerte da'wirlerde qaraqalpaqlardi'n' jazi'wi' bolmag'anli'g'i' sebepli da'stanlar kitap rolin atqarg'an. "Yedige" da'stani'nda Toqtami's Alti'n Worda xani' bolg'ani', Yedige woni'n' u'yinde ta'rbiyalang'anli'g'i' haqqi'nda so'z yetiledi. Yedige ha'kimiyat basi'na shi'g'i'p aladi'-dep qori'qqan xan woni' wo'ltiriw jollari'n qarasti'radi'. Yedige A'mir Temur ta'repke qashadi' ha'm woni'n' ja'rdemi menen Alti'n Worda taxti'na woti'radi'. Son' woni' Toqtami'sti'n' balasi' Nuratdin wo'ltiredi. "Yedige" da'stani'ni'n' qaraqalpaqshasi' tariyxi'y haqi'yqatli'qqa tuwra keledi.

Sorawlar ha'm tapsi'rmalar

1. A'mir Temurdi'n' Xorezmge a'skeriy atlani'slari'ni'n' sebeplerin ayti'p berin'.
2. Yedige kim bolg'an?
3. Wo'z jazi'wi'na iye bolmag'an xali'qlar wo'z tariyxi'n qalayi'nsha saqlap qalg'an?
4. Da'pterlerin'izge "da'stan" termininin' ma'nisin jazi'n'?

## 8-tema. Qaraqalpaqstan aymag'i'ndag'i' a'yyemgi paytaxt qalalar.

Qaraqalpaq xalqi' tariyxi' qa'dimgi da'wir menen baylani'sadi'. Bug'an xa'zirgeshe saqlani'p kiyati'rg'an materialli'q xa'm ruwxi'y yestelikler gu'uali'q beredi.

Ha'r qi'yli' imaratlar quri'li'si' insaniyat rawajlani'wi'n' tariyxi'y ji'lnamasi' boli'p kelgen.

Qaraqalpaqstan aymag'i'ndag'i' a'yyemgi qalalar xaqqi'nda pikir juritiudin ilimiy ha'm ja'miyetlik a'hmiyeti bar. Wo'tmishti, wo'tmishten qalg'an ma'deniyat bayli'qlari'n u'yrenbey turi'p hesh qanday ja'miyette ha'm u'ziliksiz rawajlani'wg'a yerisip bolmaydi'.

Qarakqalpaqstanda qalalar ken'nen rawajlandi'. Yele Kangyuy da'wirinde payda bolg'an Xazarasp, Dawkesken, Xiywa qusag'an qalalr a'dewir wo'sip, u'lken qalalar da'rejesine jetti. Soni'n' menen birge bizin' erami'zdi'n' 3-a'sirinde Xorezmnin' si'yi'ni'w worni' bolg'an Topi'raqqala uqsag'an jan'a qalalar payda bolg'an.

Topi'raqqala ha'm woni'n' ishindegi patsha sarayi' Kushan ma'mleketinin' keyingi da'wirine sa'ykes keledi. Qalada turaq jaylar ushi'n, qudayg'a si'yi'ni'wushi'n arnalg'an arnawli' wo'jireler bolg'an. Qalani'n' arqa ta'repinde wog'ada u'lken patsha sarayi' bolg'an.

Qalani'n' gerbishlerinen 70 ke jaqi'n tamg'a tabi'lg'an. Soni'n' ishinde, qaraqalpaqlarda bolatug'i'n tamg'alarda bar. Bular qalani' sali'wg'a

qaraqalpaqlardi'n' ata-babalari' da qatnasqani'n ko'rsetedi. Topi'raqqalani'n' gerbishlerin izertlegende 66 tu'rli tamg'a gezlesken. Wolar ha'zirgi ku'ngi qaraqalpaq ruwldari'nda yelege shekem saqlani'p kiyati'rg'an tamg'alardi'n' ishinde ushi'rasadi'.

Sonday-aq, qala sarayi'ni'n' diywallari'na sali'ng'an nag'i'sldar bu'gingi ku'ngi qarqalpaqlardi'n' qarshi'nlari'ndag'i' ha'm kiyimlerindegi nag'i'slarg'a uqsas keletug'i'nli'g'i'n ali'mlar ani'qlag'an.

Topi'raqqalani'n' maydani' 17,5 gektar. Qala b.e. 3-4 a'sirine tiyisli siyrek gezlesetug'i'n yestelik. Woni'n' 3 gektardan arti'g'i'raq bo'legin a'yyemgi Xorezm patshalari'ni'n' sarayi' iyelep tur.

Topi'raqqala a'yyemgi Xorezm ma'mleketinin' 3-4 a'sirlerdegi si'yi'ni'w worni' boldi'. Bul qala antik da'wirdegi qala ma'deniyati'ni'n' ayqi'n mi'sali'.

Samaniyler da'wirindegi Xorezmnin' won' jag'ali'qtag'i' paytaxti' Qi'yat qalasi' bolg'an. Qi'yat ha'zirgi Beruniy qalasi'ni'n' jani'nda jaylasqan, sol waqi'tlari' woni' Xorezm qalasi' yamasa al-fir qalasi' dep atag'an. A'miwda'riyani'n' jag'asi'na sali'ng'anli'qtan Qi'yat qalasi'n bir neshe ma'rtebe da'riyani'n' degishi ali'p ketken X a'sirdin' aqi'ri'nda qalani'n' yeski bo'legin A'miwda'riyani'n' suwi' ag'i'zi'p ketkenligin, Qi'yat jerinde tuwi'li'p wo'sken ulli' Xorezm ilimpazi' Beruniy ko'rkem so'z benen jazi'p qaldi'rg'an. Woni'n' ayti'wi' boyi'nsha qala bekkem qorg'an boli'p ha'm i'laydan ha' gerbishten u'sh qatar yetip sali'ng'an biyik diywallar menen qorshalg'an. Usi' u'sh qatar biyik diywallardi'n' u'stinen ha'kimnin' saltanatli', za'wlim sarayi' ko'rinip turg'an. Qi'yat xalqi'ni'n' ishinde ilimpazlar, woqi'mi'sli' adamlar, sheber quri'li'sshi'lar, taqmaqshi'lar, sazendeler bolg'an. Qalada ko'plegen bazarlar bolg'an. Bazarlar biyik meshit jaylari'ni'n' to'mengi qabati'nda jaylasqan, meshitlerdin' ag'ash wo'releri adam boyi'nday biyik tas su'tinlerdin' u'stine wornati'lg'an.

X a'sirde Qi'yatti'n' Qubla shi'g'i'si'nda wonsha u'lken bolmag'an Shoraxan awi'li' jaylasqan. Woni'n' qarabaxanasi' Qaraqalpaqstanni'n' To'rtku'l rayoni'nda ha'zirge deyin saqlang'an. Qi'yatti'n' arqa shi'g'i'si'nda Ga'wxar kanali'ni'n' boyi'nda samaniyler da'wirinin' ko'plegen qalalari', awi'llari', saraylari' ha'm qorg'anlari' bolg'an. Wolardi'n' bir qatarlari' ha'zir Qi'zi'lqum ken'isliklerinin' yespe qumlari' menen jari'm-jarti' ko'milgen ha'm qarabaxana xali'nda saqlang'an. Wolar To'rtku'l rayoni'ndag'i' Gu'ldirsin, Qabat qala, Na'rinjan qalalari'ni'n' go'ne wori'nlari' yesaplanadi'. Wol qalalardi'n' worni'nda afrigidler da'wirinen yerterekte sali'ng'an qoni'sldar bolg'an, biraq wolar afrigidler zamani'nda qan'rap, adamsi'z qalg'an. Al, X-XI a'sirlerde bul ma'kan jerlerge ja'ne xali'q kelip, qaytadan yel qoni's basqan ha'm wolar gu'llengen qalalarg'a aylang'an.

Sorawlar ha’m tapsi’rmalar

1. Qaraqalpaqstan aymag’i’ndag’i’ qanday a’yyemgi paytaxt qalalardi’ bilesiz?
2. Topi’raqqaladan neler tabi’lg’an?
3. Qi’yat qalasi’ ha’zirgi qaysi’ rayoni’mi’zdi’n’ worni’nda jaylasqan?

## 9-tema. Xali’q a’psanalari’ ha’m ra’wyatlar.

Qaraqalpaq awi’zeki prozali’q do’retpelerinin’ ishinde a’psanalardi’n’ xali’q an’i’zlari’ menen tutqan worni’ wog’ada ulli’.

Xali’q an’i’zlari’nda diniy, a’psana tu’sinikler, solay bolg’an yeken degen shamalawlar wori’n alg’an. Ha’r bir zatti’n’, geografiyali’q wori’nlari’ menen tariyxi’y qalalardi’n’ atali’wi’nda qanday da’rejede bolsa da, xali’qti’n’ boljawlari’ beligili da’rejede haqi’yqatli’qtan qashi’q ketpeydi.

Usi’nday tariyxi’y wori’nlardi’n’ atali’wi’ toponomikali’q xarakterge iye bolg’an menen bazi’ birewleri ko’rkem xali’q do’retpesi da’rejesine ko’terilgen.

An’i’z-a’n’gimeler wo’zlerinin’ do’regen tariyxi’y jag’daylari’ menen tami’rlas ha’m sabaqlas. A’lbette, xali’q an’i’zlari’ menen a’psanalari’ tariyxi’y ha’diyseler ha’m tariyxi’y wori’nlardi’n’ tiykari’nda quri’lg’an menen woni’ nag’i’z tariyxti’n’ wo’zi dep tu’siniwge bolmaydi’. Wol ko’rkem xali’q do’retpesi bolg’anli’qtan wondag’i’ ayi’ri’m epizodlar, detallar tariyxi’y mag’li’wmatlarg’a toli’q juwap bere almaydi’.

Qaraqalpaqstan aymag’i’ tariyxi’y wori’nlarg’a bay bolg’anli’qtan an’i’zlardi’n’ ko’pshiligi tariyxi’y jer atamalari’ni’n’ tariyxi’na arnalg’an. Wolardi’n’ birazi’ sol jer ati’ni’n’ kelip shi’g’i’w tariyxi’na arnalsa, al birazi’ni’n’ syujeti wolardi’n’ tariyxi’y bolg’an uaqi’yani’n’ ati’ menen baylani’sli’.

Nazli’mxan-suli’w xaqqi’nda mi’naday ra’wayat bar. Ayti’wlarg’a qarag’anda, bir xanni’n’ Nazli’mxan suli’w atli’ go’zzal qi’zi’ bolg’an yeken. Qi’zdi’n’ boyi’ jetkennen keyin, wog’an tu’rli jaqlardan sawshi’lar keliwi ko’beyipti. Sonda xan jarshi’lar arqali’, yeger kimde-kim qi’zi’na atap jazda salqi’n, qi’sta i’ssi’ bolatug’i’n bir saray qursa, sol adamdi’ ku’yew bala qi’li’wdi’ wa’de yetipti. Sha’rt boyi’nsha, bul sarayda xwani’n’ ha’miyshe taza boli’wi’ni’n’ ta’miyinleniwi, jazda aynalari’ ashi’li’p samallasti’ri’lmawi’, qi’sta bolsa woti’n jag’i’p i’si’tti’ri’lmawi’ kerek yeken.

Qi’z qoli’nan u’mitdar bolg’anlardi’n’ ko’pleri sha’rtti wori’nlaw mu’mkin yemesligin ayti’p, bul isten waz keshipti. Sonda bir jas jigit wortag’a shi’g’i’p, xanni’n’ sha’rtin wori’nlaw woni’n’ qoli’nan keletug’i’nli’g’i’n bildiripti ha’m imarat ushi’n wori’ndi’ Antakiya to’beliginin’ yen’ ba’lent worni’nan tan’lap, quri’li’sti’ baslapti’.

Aradan bir qansha waqi't wo'tkenen keyin, saray quri'li'si' jumaqlag'anli'g'i'nan xabar tawi'p, woni' tamasha qi'li'wg'a kelgenler u'lken saray worni'nda bir adam boyi' keletug'i'n yesikti, boyi' wonnan da pa'sbolg'an gu'mbez to'beligin ko'rip xayran boli'pti'. Sonda jigit imaratti' ko'riwge kelgenerdi yesikarqali' tu'setug'i'n tekshee arqali' to'menge qaray baslapti'. Ga'p sonnan ibarat, imaratti'n' yeki-u'sh adam boyi' keletug'i'n tiykarg'i' bo'limi jer asti'nda jaylasqan yeken. Saraydi'n' jer asti' bo'limi ju'da' ken' ha'm go'zzalli'g'i'n, xawasi'ni'n' jag'i'mli'li'g'i'n, gu'mbezlerdin' kishi tesiklerinen tu'sip turg'an quyash nurlari'ni'n', imaratti'n' ba'rshe mu'yeshlerine jaqti'li'q keltirip turg'anli'g'i'n ko'rgen adamlar jigittin' aqi'l-za'kawati'na, sheberligine xayran qali'pti'.

Saraydi'n' tiykarg'i' bo'legi jer asti'nda jaylasqanli'g'i' woni'n' jazda salqi'n, qi'sta i'ssi' boli'wi'n ta'miyinler yeken. Imaratta aynalar joq boli'p, woni'n' ishine jaqti'li'q tu'siwi ha'm xawa almasi'wi' gu'mbezler joqari'si'nda qaldi'ri'lg'an arnawli' tesikler arqali' amelge asi'ri'lg'an.

Kelip ji'ynalg'anlardi'n' xa'mmesi sha'rttin' wori'nlang'anli'g'i'na kepil boli'pti'. Xan ha'm razi'li'q berip, toy ku'nin belgilepti.

Biraq, bull arada baxi'tsi'zli'q ju'z berip, xanni'n' qi'zi' dawalani'p bolmaytug'i'n bir kesellikke shali'ni'p, a'lemnen wo'tipti. Pu'tki xali'q azag'a shu'mip xan qi'zi'n wog'an arnap quri'lg'an saray ishine jaylasti'ri'pti'. Qi'z qa'birine ha'r qi'yli' gu'ller ha'm filosofiyali'q pikirler jazi'lg'an tastaxta wornati'li'pti'. Sol waqi'tlardan baslap, bul saray «Qi'z u'yi» dep atali'p, qi'z qa'biri adamlardi'n' ziyarat qi'latug'i'n worni'na aylani'pti'.

A'rmani' a'melge aspay qalg'an jigit bolsa, ko'binshe saraydi'n' yen' u'lken gu'mbezi u'stinde woti'ri'p, gu'mbez tesiklerinen ko'rinip turatug'i'n qi'z qa'birine qarap qayg'i'radi' yeken. Qyunlerdin' birinde, wol gu'mbez tesiginen wo'zin pa'ske taslap, qi'zdi'n' qa'biri qasi'nda ko'z jumi'pti'. Jigittin' denesin ha'm saray ishine jaylasti'ri'pti'.

Sorawlar ha'm tapsi'rmalar

1. Siz qanday qaraqalpaq xali'q a'psanalari'n bilesiz?

2. Xali'q a'psanalari'ni'n' tariyx iliminde tutqan worni' xaqqi'nda ayti'p berin'?

3. Nazli'mxan suli'w yesteligi ma'mleketimizdin' qaysi' jerinde jaylasqan ?

**10-tema. Xiywa xanli'g'i' da'wirindegi Qaraqalpaqlar turmi'si'.**

Xiywa xanli'g'i'. Ko'plegen waqi'yalardan keyin 1511-ji'li' A'miwda'rya ayag'i'nda g'a'rezsiz ma'mleket - Xiywa xanli'g'i' du'ziledi. Wog'an Shaybaniyler dinastiyasi'nan Yelbars xan tiykar saladi'.

A'miwda'rya ag'i'si'ni'n' wo'zgeriwi xali'qti'n' turmi'si'nda u'lken a'hmiyetke iye boldi'. XVI a'sirdin' aqi'ri'nda Sari'qami's ko'line ag'i'p turg'an iri tarmaq bolg'an Da'ryali'qqa suw tu'spey qaladi'. Suwlar tiykari'nan Aralg'a qaray ag'adi'. Iri qalalardan bolg'an Go'ne u'rgenish penen Wa'zir suwsi'zli'qqa ushi'rap, adamlar wol jerden ko'she baslaydi'. Jan'a paytaxt - Xiywa qalasi' payda boladi'. Go'ne u'rgenish turg'i'nlari' jan'a u'rgenishke ko'shedi.

XVI a'sir – XVIII a'sirdin' birinshi yari'mi'nda Xiywa xanli'g'i'nda ha'kimiyat ushi'n gu'res ha'wij aladi', ma'mleket bo'lsheklenip, ha'lsirey baslaydi'. Qon'si'lar menen de uri's boli'p turg'an. Aqi'bette, 1770-ji'li' qon'i'rat qa'wiminin' inag'i' ha'kimiyatti' iyelep aladi'. Inaq - Xiywa xanli'g'i'ni'n' yen' u'lken ha'meldari'. Inaqlardi'n' basqari'w da'wirinde Xiywada inaqlardi'n' aytqani'n wori'nlawshi' Shi'n'g'i'sxan a'wladlari' xan boli'p woti'rg'an. Wolardi'n' ishinde qaraqalpaq xanlari' da bolg'an.

Xiywa xanli'g'i'nda qaraqalpaqlar diyxanshi'li'q penen shug'i'llang'an, iri qara mal baqqan, an'shi'li'q, bali'qshi'li'q penen de shug'i'llang'an. A'piwayi' qaraqalpaqlar biylerge bag'i'ng'an. Biyler - qaraqalpaqlardi'n' uri'w yamasa qa'wim basshi'lari' bolg'an. Uri'w, qa'wim qanshama u'lken bolsa, woni'n' biyinin' abi'royi' da ba'lent bolg'an.

Xiywa xanli'g'i'ni'n' arqa ta'repinde jaylasqan Aral (Qon'i'rat) ha'kimligi Xiywa xanli'g'i'nda ayri'qsha wori'n iyelegen. Wol XVII a'sirdin' birinshi yari'mi'nda du'zilgen. Qon'i'rat Aral ha'kimliginin' bas qalasi' bolg'an. Shahtemir qalasi' da iri woray bolg'an (ha'zirgi Shi'mbay qalasi'ni'n' qasi'nda). Aralli'lar Xiywa xanlari'na qarsi' wo'z g'a'rezsizligi ushi'n gu'resken. 1714-ji'li' aralli'lar ko'teriliske shi'g'i'p, qaraqalpaq xani' Yeshim-Muxammedti xanli'q taxti'na shaqi'rg'an. Xiywa xani' yeki ma'rte wog'an qarsi' shi'g'i'p, u'sh ma'rte wol jaqqa a'skerlerin jibergen. Qatan' sawashlar bolg'ani'na qaramastan, Xiywa xani' aralli'lardi' bag'i'ndi'ra almag'an. Jan'ada'rya boylari'nda jasawshi' qaraqalpaqlar aralli'lardi'n' awqamlasi' bolg'an.

Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'. Jan'ada'rya qaraqalpaqlari' kimler bolg'anW Wolar qalayi'nsha Jan'ada'ryag'a kelgen? Mong'ollar basi'p alg'annan keyin A'miwda'rya quyarli'g'i'nda jasawshi' xali'qti'n' ko'pshiligi Tu'slik Aral boyi'nan ko'ship ketken. Uzaq waqi'tlar dawami'nda wolar nog'aylar menen birge bolg'an. VI a'sirdin' yekinshi yari'mi'nan keyin wolar Si'rda'ryada jasag'an. Soni'n' ushi'n da qaraqalpaqlardi'n' ha'rqi'yli' toparlari' ha'rqi'yli' geografiyali'q wori'nlarda jasag'anli'g'i' atap ko'rsetiledi. Keyin ala bul qaraqalpaqlar ata-babalari'ni'n' watani'na qayta baslag'an. Si'rda'ryadan A'miwda'ryag'a qaray ko'ship, jol-jo'nekey jan'a jerlerdi qoni'slag'an. Usi'layi'nsha qaraqalpaqlardi'n' bir topari' Jan'ada'ryag'a aralli'lardi'n' qasi'na kelgen.

Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'n bag'i'ndi'rmay turi'p, Aral ha'kimligin bag'i'ndi'ri'wg'a bolmaytug'i'nli'g'i'n Xiywa xanlari' jaqsi' tu'singen. Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'na qarsi' da'slepki atlani's 1715-ji'li' bolg'an. Biraq wolardi' birden bag'i'ndi'ra almag'an. Xiywa xanlari' qaraqalpaqlardi' uzaq ji'llar dawami'nda bag'i'ndi'rg'an. Da'slep wolar Aral ha'kimliginde jasawshi' qaraqalpaqlardi' boysi'ndi'rg'an. Inaqlar hu'kimdarli'g'i' da'wirinen baslap qaraqalpaqlardi'n' Xiywa ha'kimiyati'na bag'i'ni'wi'ni'n' yekinshi basqi'shi' baslang'an. Ayi'ri'm qaraqalpaq biyleri wo'z i'qti'yari' menen Xiywa qol asti'na wo'tken, wo'ytkeni wo'z jeke ha'kimiyati'n bekkemlewge uri'ng'an. Bul tuwrali' xanni'n' jaqi'n adami' bolg'an Aydos biydin' ha'reketlerin ayi'ri'qsha atap wo'tiw kerek. Aydos biy Xiywa ha'kimiyati'n qabi'l yetkende wog'an Ko'ko'zekten Aral ten'izine shekemgi aymaqta qoni'slawg'a ruxsat yetilgen. Xiywa xani' Muxammed-Raxim de wog'an Aqjag'i'sta qorg'an quri'wg'a ruxsat bergen. Bul qorg'an Aydos qala dep atali'p, Xorezm woazisinen Jan'ada'ryag'a shekemgi ka'rwan joli'nda jaylasqan, Xiywa xanlari'ni'n' Aral ha'kimligi ha'm Jan'ada'rya qaraqalpaqlari' menen gu'resinde a'hmiyetli tiregi bolg'an. 1811-ji'li' Muxammed-Raxim xan Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'n bag'i'ndi'ri'p bolg'an son', Aral ha'kimligine bir neshe atlani'slar sho'lkemlestiredi. Qon'i'rat bag'i'ndi'ri'li'p, woni'n' ha'kimi To'remurat suwfi' wo'ltiriledi.

Qaraqalpaqlardi'n' 1827-ji'lg'i' ko'terilisi. Aral ha'kimligi basi'p ali'ng'annan keyin Xiywa xanlari' qaraqalpaqlardi' A'miwda'ryani'n' to'mengi jag'i'na ko'shiredi. A'miwda'ryani'n' shep jag'ali'g'i'nda qaraqalpaqlar Shomanay kanali'ni'n' boyi'nda Qon'i'rat ha'm Xojeli arali'g'i'nda qoni's basadi', ayi'ri'm qa'wimler bolsa shep jag'alawda ha'm Qon'i'ratti'n' to'mengi ta'repinde jaylasadi'. Won' jag'adag'i' qaraqalpaqlar Ko'ko'zek, Kegeyli kanallari' boylari'nda, Qusqanatawdi'n' qaslari'nda qoni's basadi'.

Qaraqalpaqlar Xiywa xanlari'na ko'plegen sali'qlardi' to'lewi, kanallar qazi'wg'a qatnasi'wi' tiyis yedi. Qazi'w - yen' awi'r jumi's bolg'an. Yerte ba'ha'rde suwi' bar kanallarg'a tu'sip, wolardi' bir neshe ku'nler dawami'nda tazalaw kerek yedi. Xanlardi'n' basqi'nshi'li'q atlani'slari' ko'p mug'darda shi'g'i'nlar talap yetken, soni'n' ushi'n sali'qlardi'n' sani' ha'm ko'lemi u'zliksiz wo'sip barg'an. Xali'qti'n' sabi'r kesesi toli'p, 1827-ji'ldi'n' jazi'nda gezektegi sali'q ji'ynaw mapazi' waqti'nda qaraqalpaqlardi'n' qi'tay uri'wi'ni'n' adamlari' ko'teriliske shi'g'adi'. Biraq wolardi' qoldawli' uri'wi'ni'n' basshi'si' Aydos biy basqaradi'. "Ne ushi'n wol basqarg'an" - degen wori'nli' soraw payda boli'wi' mu'mkin. Buni'n' sebebi ju'da' a'piwayi' bolg'an. Aydos biy barli'q qaraqalpaqlardi' basqari'wdi' niyetlegen. 1825 ji'li' Xiywag'a Allaquli' xan bolg'annan keyin Aydos biydin' barli'q qaraqalpaqlarg'a xan boli'wi' tuwrali' wo'tinishi wori'nlanbag'an. Aydosti'n'

buri’ng’i’ huqi’qlari’ sheklengen. Berdaq shayi’rdi’n’ jazi’wi’ boyi’nsha Aydosti’n’ talaplari’na Xiywa xani’:

Baba bunsha qatti’ qashpa,
Sum na’psin’nin’ awzi’n ashpa,
Xi’zmetker ko’p sennen basqa,
Qanaat qi’l, Aydos baba. - dep juwap bergen.

Sol sebepli Aydos Aral ten’zi jag’i’si’nda, Sari’ataw degen jerde wo’zine qosi’lg’an adamlardi’ ji’ynay baslag’an. Bul jerde qorg’an salg’an. Qon’i’ratti’ basi’p ali’w ushi’n Aydos wo’z balalari’ I’rza menen To’re basshi’li’g’i’nda bir topar adamlardi’ jiberedi. Xojelinin’ qasi’nda turg’an Xiywa xani’ni’n’ wotryadi’ Qon’i’ratqa bag’dar aladi’. Ko’terilisshiler Qon’i’ratti’ basi’p ala almay, jen’iliske ushi’raydi’. I’rza wo’ltirilip, To’renin’ qoli’na kisen sali’ni’p, Xiywag’a jiberiledi. Aydos Qoqan xanli’g’i’na tiyisli bolg’an Si’rda’rya boyi’na qaray sheginedi. Jol-jo’nekey Shirik-rabat degen jerde ko’terilisshiler toqtaydi’. Aydos balalari’ni’n’ wo’lgenine ha’m tutqi’ng’a tu’skenine isenbey, wolardi’n’ Qon’i’rattan keliwin ku’tedi. Bul jerge xan a’skerleri kelip, ko’terilisshiler qi’yrati’li’p, Aydos wo’ltiriledi.

Qaraqalpaqlardi’n’ 1827-ji’lg’i’ ko’terilisi jen’ilis penen tamamlanadi’. Allaquli’ xan ko’terilis jasag’an qaraqalpaqlardi’n’ yeginlerin joq qi’ladi’, Da’wqara ko’line ag’i’p turg’an suwlardi’ baylawg’a buyi’radi’. Biraq ko’terilis qaraqalpaqlardi’n’ Xiywa xanlari’na qarsi’ ko’terilis jasawg’a tayar yekenligin ashi’qtan-ashi’q ko’rsetti.

Sorawlar ha’m tapsi’rmalar

1. Ne ushi’n Aral (Qon’i’rat) ha’kimligi Xiywa xanli’g’i’nda ayri’qsha wori’n iyeleydi?
2. Aral ha’kimligi tariyxi’nda Jan’ada’rya qaraqalpaqlari’ni’n’ roli qanday boldi’.
3. Aydos biy basshi’li’g’i’nda qaraqalpaqlardi’n’ ko’terilisi haqqi’nda nelerdi bilesiz.

## 11-tema. Xiywa xanli’g’i’ yeziwshiligine qarsi’ xali’q ko’terilisleri.

Qaraqalpaqlardi’n’ 1855-1856 ji’llardag’i’ ko’terilisi. Ji’ldan-ji’lg’a jetispewshilik ku’sheygen, xali’qti’n’ awhali’ jaman bolg’an, al Xiywa xani’ xali’qtan sali’q ji’ynawdi’ ko’beyte bergen.

Yernazar Alako’z yel arasi’na sali’q ji’ynawg’a kelgen Xiywani’n’ adamlari’ni’n’ qoli’nan ji’ynalg’an sali’g’i’n tarti’p ali’p xali’qqa tarqati’p, al wo’zlerin quwi’p jiberedi yeken. Soni’n’ ushi’n da Yernazar Alako’zdi Xiywa xani’ 5 ji’lg’a deyin zindang’a qamap qoyadi’.

Yernazar xali'qqa "sali'q to'lemen', xan sizlerge hesh na'rse isley almaydi'",- degen. Xiywadan kelgennen keyin Yernazar Alako'z qaraqalpaqlardi'n' barli'q biylerin ji'ynap ali'p, barli'g'i' boli'p 69 biy xang'a qarsi' shi'g'ami'z dep wa'delesken. Ant ushi'n bir almani' 69 qa bo'lip jegen. Sonda Yernazar Alako'z qaraqalpaqlardi' Xiywa xani'nan ayi'ri'p ali'p, wo'z aldi'na xanli'q, wo'z aldi'na ma'mleket du'zgisi kelgen yedi. Qaraqalpaqlar ko'p zamanlardan berli qazaq, wo'zbek, tu'rkmenler menen dos ha'm qon'si' boli'p jasap kiyati'r. Yernazar Alako'z de tazadan xan yetip qazaqlardi'n' arasi'nan Zarli'q xan degen to'reni saylaydi', al Yernazar Alako'zdin' wo'zi Zarli'q xanni'n' qusbegisi boldi'.
Ko'teriliske keneges uri'wi'nan Bala-Yernazar, aq man'g'i't Yernazar Palwan biy, qi'pshaq Ali'wshi' Qutli'baev, mu'yten Qutli'murat ha'm basqalar da qatnasi'p, ko'terilistin' basi'nda bolg'an. Biraq wolardi'n' ishinen Bala-Yernazar menen Sayi'pnazar biyler Xiywa xani'na, hu'kimetine qarsi' gu'reste aqi'ri'na shekem barmadi'.
Bul ko'terilis haqqi'nda yesitken Xiywa xani'ni'n' a'skerlerinin' arasi'ndag'i' barli'q qaraqalpaq jigitleri yeldegi jag'daydi' yesitip, qayti'p keledi ha'm gu'reske qosi'ladi'. Ko'terilisti basi'wg'a jibergen Xiywa a'skerleri awi'llardi' talaydi'. Ko'terilisshilerge tu'rkmenler qosi'ladi', ko'p uzamay Xojelini qolg'a aladi'. Yendi ko'teriliske qon'si' qazaq, aralli' wo'zbekler de qosi'li'p birigedi.
Ko'terilisti basti'ri'wg'a tayarli'q ko'rip ati'rg'an Xiywa xani' Qutli'murat ag'asi' Muxammedniyaz ta'repinen tu'rkmenlerdin' ja'rdemi menen wo'ltiriledi. Biraq, Xiywadan tu'rkmenler quwi'li'p Muxammed Raxim xanni'n' balasi' Seyid Muxammed Xiywada wo'zin xan dep ja'riyalaydi'. Wol xanli'qtag'i' ko'terilislerdi basti'ri'w ushi'n ko'terilisshilerdin' arasi'na jansi'zlar jiberedi, wo'zinin' ta'repinen wo'tkenlerdi marapatlap, u'lken sawg'alar beredi. Usi'nday jol menen wol Bala-Yernazar menen Sayi'pnazar biylerdi de wo'zine qarati'p aladi'. Tu'rkmenlerdin' bir bo'legin wo'zine a'skeriy xi'zmetke aladi'. Aradan ko'p wo'tpey Xojelide ko'terilisshilerge qatti' soqqi' beredi.
Bala Yernazar menen Sayi'pnazar biyler arqali' Xiywa xani' ta'repine basqa da birneshe qaraqalpaq biyleri wo'tip, ko'terilisshiler arasi'nda ala-awi'zli'q payda yetedi.
Bala-Yernazar Zarli'q xandi' xali'q penen tani'sti'ri'w kerek dep aldap isendirip, wo'zi menen birge ali'p ketedi. Biraq woni' Xiywa xani'na apari'p beredi. Seyid Muxammed xan Zarli'qti' masqaralap, qorlap darg'a asi'p wo'ltiredi.
Wo'zinin' ta'repdarlari' menen Yernazar Alako'z gu'resti aqi'ri'na deyin apari'wg'a bel baylaydi'. Bul tuwrali' Berdaq babami'z:

Qalg'anlardi' ji'ynap aldi',

Izlim jolg’a qala saldi’,
Ta’g’dirge ta’wekel qi’ldi’,
Ma’rt tuwi’lg’an Yernazar biy, - dep jazg’an.

Wolar da’slep “Qi’rg’i’ qalada”, son’ Aral ten’izinin’ jag’asi’na Qazaqda’ryani’n’ quyar jerine qorg’an saladi’. Qorg’an son’ “Yernazar-qala” dep atali’p ketedi. Qorg’andi’ ali’w ju’da’ qi’yi’n bolg’an. Sonli’qtan Xiywani’n’ yasawi’l basi’si’ qorg’anni’n’ ishine Ja’leke ha’m Shon’qi’ degen jansi’zlardi’ jiberedi. Shon’qi’ Yernazar Alako’zdi awi’r jaradar qi’ladi’, Yernazar Alako’z u’yine jetip wo’ledi. Xiywali’lar qorg’ang’a basti’ri’p kirip, Yernazardi’n’ basi’n kesip aladi’, al denesin xali’q qorg’anni’n’ tu’slik ta’repine jerleydi. Yernazardi’n’ ag’asi’ Iskender menen balasi’ Xojeke Xiywada darg’a asi’ladi’.

Ko’terilis basti’ri’lg’annan keyin, ko’terilistin’ basqa qatnasi’wshi’lari’ kimi qazaqlardi’n’ ishine, kimi tu’rkmennin’ ishine qashi’p aman qaladi’.

Yernazardi’n’ anasi’ Qumardi’ da xan aq u’yli yetip Xiywada saqlaydi’, ko’p si’naqlardan wo’tkeredi. Ba’rine shi’dam bergen Yernazardi’n’ anasi’n ko’rgen xan: “Yernazardi’n’ bati’r bolg’ani’ni’n’ sebebi anasi’ bati’r yeken”, - degen yeken.

Yernazar Alako’z basshi’li’q yetken bul ko’terilis Xiywa xanlari’ni’n’ awi’r yeziwshiliginin’ na’tiyjesinen kelip shi’qqan yedi. Xali’qti’n’ awi’r jag’dayi’, asharshi’li’q, xanli’qta boli’p turg’an ti’ni’msi’z uri’s, ja’njeller xali’qti’ shi’damasli’q jag’dayg’a, azatli’q ushi’n gu’reske ali’p keldi.

Ko’terilis na’tiyjesinde xalqi’mi’z az da bolsa wo’z xanli’g’i’na iye boli’p turdi’. Ko’terilisti basi’nan aqi’ri’na deyin Yernazar Alako’z basqari’p bardi’. Wol ha’zirgi ku’nge deyin wo’z qaharmanli’g’i’, bati’rli’g’i’, a’dilligi menen, wa’desinde turatug’i’n bir so’zli ma’rt insanni’n’ u’lgisi boli’p kiyati’r. Wol xalqi’na kerek adam yedi. Soni’n’ ushi’n da Berdaq babami’z:

Go’rug’li’ bektey yer yedi,
Qatarda qosa nar yedi,
Toli’ jurtqa da’rkar yedi,
Sheyit wo’lgen “Yernazar biy”, - degen.

Qon’i’rat ko’terilisi. Xiywa xani’na narazi’li’q Yernazar Alako’zdin’ ko’terilisinen keyin de dawam yetti. A’sirese Qon’i’ratta Xiywa xani’n, woni’n’ adamlari’n jek ko’riwshilik ju’da’ ku’sheyip ketti. Qon’i’ratti’ buri’n basqarg’an, biraq Xiywa xani’ ta’repinen wo’ltirilgen To’remurat suwfi’ni’n’ Muxammed Pana degen a’wladi’ bar yedi. Wol Xannan wo’sh alaman ha’m Qon’i’ratti’ Xiywa xanli’g’i’nan ayi’ri’p alaman degen niyette ko’terilis qi’lmaqshi’ boladi’. Buni’n’ ushi’n qalani’n’ ha’kimin ali’p taslawi’ kerek yedi. 1858-ji’li’ jazda Muxammed Pana qasi’na Qon’i’ratli’ Qulman biydi ha’m bir jay ustasi’n shaqi’ri’p, qalani’n’ ha’kimi Qutli’muratti’ ko’rip ketin’ dep shaqi’radi’. Qalag’a kirer jerde Qutli’muratti’n’ aldi’na Qulman biy menen

Muxammed Pana kelip, Qulman biy ha'kimge "biz sali'q to'ley almaymi'z, hesh na'rsemiz qalmadi', jarli'lar ko'beyip ketti" - dep arzi' qi'ladi'. Ha'kim "woni'n' menen menin' isim joq, puli'n'i'z joq bolsa balalari'n'i'zdi' sati'p, pullan'" - dep juwap berdi. Bug'an g'a'zebi kelgen Qulman biy menen Muxammed Pana ha'm bir neshe basqa da adamlar Qutli'muratti' wo'ltiredi, wonnan keyin xanni'n' adamlari'n joq qi'ladi'. Wolar Muxammed Panani' xan dep ja'riyalaydi'. Solay yetip ko'terilis baslanadi'. Ko'teriliske qatnasqan qala xalqi'na isenbey, Muxammed Pana xan tu'rkmenlerdi ja'rdemge shaqi'radi'. Bug'an ashi'wi' kelgenler Pana xannan ayri'la baslaydi'.

Qon'i'ratti' alg'annan keyin Muxammed Panani'n' ja'rdemshileri bolg'an tu'rkmen a'skerleri wo'zlerin yemin yerkin sezip, xali'qti' qi'sa basladi'. Wolar qala xalqi'ni'n' mali'n, azi'q-awqatlari'n tarti'p ala basladi'. Buni'n' u'stine Muxammed Pana xali'qti' za'kat to'lewden azat qi'lg'ani' menen, ha'r bir shan'araqqa bir tu'rkmen a'skerdi bo'listirip, xali'qti'n' moyni'na wolardi'n' awqati'n ta'miynlewge ha'm ku'nine 2 gu'mis ten'geden beriwge ma'jbu'rleydi. Qarsi' shi'qqanlardi' qatti' jazalag'an.

Bug'an ashi'wi' kelgen qaraqalpaqlar menen qazaqlar bo'linip ketken, bo'lek qorg'an salg'an. Solardan Molla Pirim degen bay izine qaraqalpaqlardi' yertip, Talli'q japti'n' quyar jerine qorg'an saladi'. Buni' yesitken Muxammed Pana xan Molla Pirimnin' qorg'ani'n buzi'wg'a, wo'zin joq qi'li'wg'a turkmen a'skerlerin jiberedi. Birneshe ku'n qorg'awdan keyin tu'rkmenler qorg'ang'a basti'ri'p kiredi, xali'qti' qi'radi'. Tiri qalg'anlari'n wo'zleri menen aydap a'ketip, qulli'qqa satadi'. 1599 u'yli qaraqalpaqtan tek 29 lag'ani' aman qalg'an. Ulli' babami'z A'jiniyaz shayi'r sol qayg'i'li' waqi'yani' wo'z ko'zi menen ko'rgen adam yedi, wol wo'zinin' "Bozataw" degen shi'g'armasi'nda Qon'i'rattag'i' bolg'an sol qayg'i'li' waqi'yani':

"... Kimsenin' anasi', kimnin' a'mmesi,
Kimsenin' atasi', kimnin' inisi,
Kimsenin' qi'z-ug'li', kimnin' sin'lisi,
A'trek, Gu'rgen, Xajar asti' Bozataw...
Kimse qaza tapti' - jannan ayri'ldi',
Kimse gedey boldi', maldan ayri'ldi',
Kimse ko'zi-qun'qari'nan ayri'ldi',
Basi'n'a awi'r is tu'sti, Bozataw" - dep jazg'an.

Ko'terilisshilerdi basti'ri'w ushi'n Xiywa xani' birneshe ma'rte a'skerlerin jiberdi ha'm 1859-ji'li' jazda Xiywa xani'ni'n' adamlari'ni'n' ja'rdemi menen Muxammed Pana wo'ltiriledi. Qon'i'rat ja'ne qaytadan Xiywa xani'ni'n' qoli'na wo'tedi.

Qala xalqi'ni'n' awhali' ju'da' awi'rlasi'p ketedi, sebebi tu'rkmen a'skerleri yegislikte ati'n bag'i'p, qalg'an daqi'ldi' Xiywa xani'ni'n' la'shkeri tuyaq asti'nda basqi'lap taslag'an yedi. Bulardi'n' ba'ri ko'terilistin' woylanbastan,

talan-taraj, taxtqa talas maqsetinde g’ana bolg’anli’g’i’nan yedi. Soni’n’ ushi’n ko’terilis sa’tsiz boldi’.
Xiywa xanli’g’i’nda qaraqalpaqlardi’n’ basqari’li’wi’. Qaraqalpaqlar yeki ari’sqa: qon’i’rat ha’m won to’rt uri’w ari’slari’na bo’linedi. Ha’r bir ari’s birneshe uri’wg’a, al uri’wlar tiyrelerge, tiyreler ko’shelerge bo’linedi. Solardi’n’ ishinde yen’ iri 5 uri’w: qon’i’rat, qi’tay, qi’pshaq, keneges, man’g’i’t uri’wlari’ qaraqalpaqlardi’n’ tiykari’n quraydi’.
Ha’r bir uri’wdi’ biy basqaratug’i’n bolg’an. Xiywa xanli’g’i’na kirmesten aldi’n ha’r bir uri’wdi’n’ biyi xali’q ta’repinen saylani’p, qoyi’latug’i’n bolg’an. Al, son’ biylerdi Xiywa xani’ tayi’nlag’an. Biyler wo’z uri’wi’nan sali’q ji’ynap, woni’ qaznag’a tapsi’ri’p woti’rg’an. Uri’w ishindegi talas-tarti’slardi’, daw-ja’njellerdi u’rp-a’det boyi’nsha sheshetug’i’n bolg’an. u’lken ma’selelerdi sheshiw ushi’n biyler awi’l aqsaqallari’n shaqi’ri’p, ken’es qi’lg’an. Woni’n’ ushi’n awi’l shetindegi bir to’beshikti belgilep, sol jerde ma’sla’ha’tlesken. Bunday jerler ma’sla’ha’t to’be dep atalg’an.
1855-56-ji’lg’i’ ha’m 1858-59-ji’lg’i’ ko’terilislerinen keyin Xiywa xani’ qaraqalpaqlardi’n’ basqari’w sistemasi’n wo’zgertti. Buri’n ha’r bir uri’w biy arqali’ basqari’li’p, ha’r bir biy xan aldi’na bara alatug’i’n yedi. Yendi wolardi’n’ ba’rin qabi’l yete bermew ushi’n beglerbegi ha’m atali’q degen taza lawazi’m kiritip, barli’q biyler solarg’a bag’i’ndi’ri’ldi’.
Yeki ari’sqa yeki beglerbegi, to’rt atali’q saylanatug’i’n boldi’ (ha’r bir atali’qqa uri’w biyleri bag’i’ndi’ri’ldi’). Son’i’nan wolardi’ da bir adamg’a bag’i’ndi’ri’p- ag’a biy degen lawazi’m kirgizildi. 1859 ji’ldan 1873 ji’lg’a deyin Yerejep degen Ag’a biy bolg’an.
Xiywa xani’ tazadan nayi’p degen lawazi’m kirgizedi. Yeki ari’sqa: qon’i’ratlarg’a bir nayi’p, won to’rt uri’wg’a bir nayi’p saylap qoyg’an. Wolar beglerbegilerdin’ wori’nbasari’ wazi’ypasi’n atqarg’an. Wolar Shi’mbayda woti’rg’an. Xali’qtan ji’ynalg’an sali’q Shi’mbayda ha’m Qon’i’ratta ja’mlenip, Xiywag’a jo’netilip woti’rg’an. Soni’n’ menen birge Xiywa xani’ Shi’mbay qalasi’na wo’zinin’ adami’n yag’ni’y Maxmudniyaz Yasawi’lbasi’ degendi qoyg’an.
Solay yetip 1859-ji’ldan son’ basqari’w pu’tkilley wo’zgerdi. Sebebi buri’n ha’r bir uri’wdi’n’ biyi wo’z aldi’na biylik yetetug’i’n yedi ha’m wo’zin g’a’rezsiz dep biletug’i’n yedi. Bunday jag’day qaraqalpaqlardi’n’ u’stinen basqari’p bari’wdi’ qi’yi’nlasti’ratug’i’n yedi. Sonli’qtan taza lawazi’mlar kirgizilip, basqari’w woraylasti’ri’ldi’, yag’ni’y bir adam - ag’a biy arqali’ basqari’p turi’ldi’. Bul du’zim de ma’mleketlik du’zim yedi.
Bulardan basqa qaraqalpaqlarda ju’zbasi’, murap, qazi’ degen a’meller de bolg’an. Ju’zbasi’ni’n’ qarawi’nda ju’z adamnan ibarat qouralli’ ku’shi bar ju’da’ u’lken ha’mel yedi.

Murapti'n' qarawi'nda japlardag'i' suwdi' awi'llarg'a bo'listiriw, japlardi' qazi'w, tazalaw jumi'slari'na basshi'li'q yetiw wazi'ypasi' kirgen.
Qazi'lar xali'qti'n' musi'lmanshi'li'q da'stu'rlerin, yag'ni'y shariyat boyi'nsha daw-ja'njellerdi sheshken, yag'ni'y sud xi'zmetin atqarg'an. Qazi'lar Xiywa xani' ta'repinen saylani'p qoyi'lg'an. Awi'llarda ra'yis degen lawazi'm da bolg'an. Wolar mollalardi'n' ja'rdemi menen adamlardi'n' musi'lmanshi'li'q qag'i'ydalari'n wori'nlag'an- wori'nlamag'ani'n, bazarlardag'i' wo'lshew taslardi'n' duri'sli'g'i'n h. t. b. qadag'alap barg'an.

Sorawlar ha'm tapsi'rmalar
1. Yernazar Alako'z tuwrali' ne bilesiz?
2. Yernazar Alako'z basshi'li'g'i'ndag'i' ko'terilistin' boli'wi'na ne sebep boldi'?
3. "Sheyit wo'ldi Yernazar biy" degen qatarlardi'n' ma'nisin ayti'p berin'.
4. Ne ushi'n Qon'i'rat ko'terilisi dep ataladi'?
5. Usi' ko'terilis bari'si'ndag'i' xali'qti'n' awhali'n su'wretlep berin'.
6. Qaraqalpaqlardi'n' tiykari'n qanday uri'wlar quraydi'?
7. Xiywa xani' ta'repinen kirgizilgen lawazi'mlardi' yadlap ali'n' ha'm wolar qanday wazi'ypalardi' atqarg'ani'n ayti'p berin'.
8. Qaraqalpaqlar Xiywa xani' ta'repinen qalay basqari'lg'an?

## 12-tema. Ulli' ali'm – babalari'mi'z.

Ilim-pa'n darg'alari'. A'biw Rayxan Beruniy. XI-XII a'sirlerdegi Qaraqalpaqstanni'n' ma'deniyati' A'biw Rayxan Beruniy ismi menen ti'g'i'z baylani'sli' bolg'an. Beruniy 973-ji'li' Qi'yat qalasi'ni'n' a'tirapi'ndag'i' Berun awi'li'nda du'nyag'a kelgen. Bilimli ilimpaz jaslayi'nan Xorezmshaxlardi'n' sarayi'nda xi'zmet yetken. Wo'z-ara gu'resler aqi'betinde Beruniy 995-ji'li' Qi'yat qalasi'nan qashadi'. 27 jasi'nda wol wo'zinin' yen' ko'lemli «Wo'tken a'wladlardan qalg'an yestelik» atli' shi'g'armasi'n jazadi'. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' u'rp-a'detleri, dini, ji'l yesabi' tuwrali' usi' miynetten mag'li'wmatlar ali'wg'a boladi'. 1010-ji'li' Beruniy Xorezmge qayti'p kelip, U'rgenishte Mamun sarayi'nda ilimiy jumi's ali'p baradi'. Beruniy Mamun sho'lkemlestirgen ali'mlar u'yin (Mamun akademiyasi'n) basqaradi'. Woni'n' menen birge Ibn-Sina,tariyxshi Ibn Miskaveyx, matematik Abu Nasi'r Arraq, filosof Abu Saxil Masiyxiy ha'm basqa da ali'mlar islegen. Wolar birgelikte wobservatoriyalarda izertlewler ju'rgizgen. Biraq 1017-ji'li' Sultan Maxmud G'aznawiy Xorezmdi basi'p ali'p, Beruniydi ma'jbu'riy wo'z ma'mleketinin' paytaxti' G'azna qalasi'na (ha'zirgi Awg'anstang'a) ko'shirgen. Beruniy ken' bilimli adam bolg'an. Beruniy 150 den aslam ilimiy miynetler do'retken,

tilekke qarsi’, ko’pshiligi saqlanbag’an. Beruniy miynetleri xaqqi’nda wonnan keyin jasag’an ilimpazlardi’n’ ko’rsetiwleri boyi’nsha ma’lim boldi’. Sol da’wirdegi Beruniy Jer Quyashti’n’ a’tirapi’nda aylani’p turg’anli’g’i’ xaqqi’nda jazg’an. Wol du’nyada birinshi boli’p globusti’ woylap tapqan. Beruniy «bilim menen miynet adamdi’ xasi’llandi’radi’», - dep atap ko’rsetken. Ko’p zamanlardan keyin Beruniydin’ pikirleri tasti’yi’qlandi’. Beruniy 1048-ji’li’ G’azna qalasi’nda du’nyadan wo’tedi.

Az-Zamaxshariy. Abi’lqasi’m Maxmud az-Zamaxshariy 1075-ji’li’ Zamaxshar degen awi’lda du’nyag’a kelgen. Ilimge bolg’an umti’li’wshi’li’q woni’ Buxara, Mari’, Nishapur, Isfaxan, Sham, Bag’dad, Gerat ha’m Mekkede wo’mir su’rip, arab tili ha’m a’debiyati’n, diniy ilimlerin, suli’w jazi’w wo’nerin, arab maqallari’, u’rp-a’detlerin teren’ u’yrengen. Wol aymaq geografiyasi’na tiyisli mag’li’wmatlardi’ toplaydi’.

Maxmud Zamaxshariy ha’r qi’yli’ ilimlerge tiyisli 50 den aslam shi’g’armalar jazi’p qaldi’rdi’. A’sirese woni’n’ arab tilinin’ fonetikasi’na ha’m morfologiyasi’na arnap jazi’lg’an «Al-Mufassal», Qurani’ ka’rimnin’ tu’sindirme tallawi’na tiyisli «Al-Kashshof» (Jan’ali’q kirgiziwshi) shi’g’armasi’musi’lman a’leminde ayi’ri’qsha belgili. Zamaxshariy «Arablardi’n’ ha’m arab yemeslerdin’ ustazi’» degen dan’qli’ ataq penen ulli’lang’an. Kairdag’i’ du’nyag’a belgili Al-Azxar diniy woqi’w worni’ni’n’ talabalari’ ha’zir de «Al-Kashshof» tiykari’nda Qurani’ ka’rimdi u’yrenedi.

Qaraqalpaqlardi’n’ ma’deniyati’. Qaraqalpaqlar qara u’ylerde (wotaw), qalada paqsa jay, yamasa ha’wlilerde turatug’i’n bolg’an. Qara u’yler ko’ship qoni’wg’a qolayli’ bolg’anli’qtan, ken’ tarqalg’an turaq jay tu’ri. Qaraqalpaqlardi’n’ qara - u’yleri basqa xali’qlardi’n’ qara - u’ylerinen tu’ri, ishki quri’li’si’ jag’i’nan (uwi’q, shan’araq h.t.b.) aji’raladi’. Qara u’ydi bezewde, quri’wda paydalanatug’i’n qurlar: aq-basqur, qi’zi’l qurlar da nag’i’si’, toqi’li’wi’ jag’i’nan ayri’qsha aji’raladi’. U’ylerge shi’pta, boyra, kiyiz yamasa gilemler to’selgen.

Qaraqalpaqlardi’n’ kiyim-kenshegi de basqa xali’qlardan wo’zgeshe. A’sirese, qi’z ha’m kelinsheklerdin’ kiyimleri ko’p waqi’t dawami’nda toqi’li’p, kesteleniwi menen wo’zgeshe suli’wli’qqa iye. Qaraqalpaqlar nag’i’slari’n kestelep toqi’ytug’i’n bolg’an. Ha’rbir nag’i’s wo’zinin’ ati’ ha’m mazmuni’na iye bolg’an: g’arg’a tuyaq, qoshqar mu’yiz, i’rg’aq nag’i’s h.t.b. Qaraqalpaq qi’zlari’ni’n’ kesteshilik wo’nerinin’ ta’kirarlanbastay wo’zgeshe, ayri’qsha usi’llari’ bolg’an.

Jas qi’zlar basi’na taqi’ya kiyse, jan’a turmi’sqa shi’qqan qi’z-kelinshek toy-merekege sa’wkele kiygen. Jas kelinshekler qi’zi’l kiymeshek kiyip, aydi’nli’ bas woraw worag’an, u’stine qi’zi’l jegde jami’lg’an, al jas mingen hayallar, kempirler aq kiymeshek kiyip, basoraw worap, u’stine aq jegde jami’lg’an.

Ha’ykel-tu’ymeleri, tag’i’nshaqlar basqa xali’qti’n’ tag’i’nshaqlari’na qusamaydi’. Kelinshekler murni’na a’rebek, qulaqlari’na si’rg’alar taqqan.
Yer adamlar basi’na degeley, qalpaq, sho’girme, bo’rik degen bas kiyim kiygen, u’stine ko’ylek, shapan, qi’sta ton kiygen.
Balalar awi’l mekteplerine qatnag’an, wol jerde arabsha jazi’wdi’, woqi’wdi’, namaz woqi’wdi’ u’yrengen. Mektepti pitkergenlerdin’ birazi’ awi’ldag’i’, birazi’ u’lken qalalardag’i’ medreselerde woqi’g’an.
Xali’qti’n’ arasi’nda yertek, da’stanlar ko’p tarqalg’an. Da’stanlardi’ ji’rawlar, baqsi’lar toy-merekelerde aytatug’i’n bolg’an. Ji’rawlar qobi’z shertip, “Alpami’s”, “Qoblan”, “Qi’ri’q-qi’z” qusag’an da’stanlardi’ aytsa, baqsi’lar duwtar shertip “G’a’rip ashi’q”, “Go’rug’li’”, “Sayatxan-Hamra” qusag’an da’stanlardi’ aytqan. Qaraqalpaq ji’raw-baqsi’lari’ bulardan basqa da ju’da’ ko’p da’stanlardi’ bilgen: “Ma’spatsha”, “Sha’ryar”, “Yusup-Axmet”, “Yedige”, “Yer qosay”, “Yer shora” h.t.b. Bulardi’n’ ba’rin ji’raw-baqsi’lar yadtan bilgen.
Yen’ belgili ji’rawlardan Jiyen ji’raw bolg’an. Wol XVIII-a’sirde jasag’an. Wol birinshi boli’p “Qi’ri’q-qi’z” da’stani’n aytqan ji’raw bolg’an.
Jiyen ji’raw wo’z ko’zi menen XVIII-a’sirde qaraqalpaqlardi’n’ basi’na tu’sken qayg’i’li’ waqi’yalardi’, qalmaqlardi’n’ shabi’wi’ sebebinen Tu’rkistannan Jan’ada’ryag’a qaray posi’p, ko’shkenin ko’rgen shayi’r boli’p, wol “Posqan yel” poemasi’n sol waqi’yag’a bag’i’shlap jazg’an.
Qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ yen’ belgili wa’killerinen A’jiniyaz ha’m Berdaq shayi’rlar sanaladi’. Wolar XIX-a’sirde jasag’an.
A’jiniyaz shayi’r (1824-1878 j.j.) Qon’i’rat a’tirapi’nda tuwi’li’p wo’sken. Awi’lli’q mektepti pitkergennen son’, Qon’i’rat qasi’ndag’i’ medreselerdin’ birinde, keyin Xiywadag’i’ medresede woqi’p, axun atag’i’n ali’wg’a yerisken. Wol shi’g’i’s shayi’rlari’ni’n’: Firdawsiy, Nawayi’, Maqtumquli’, Saadiylerdin’ shi’g’armalari’n jaqsi’ bilgen. Sonli’qtan woni’n’ qosi’qlari’ suli’wli’g’i’, mazmuni’ni’n’ teren’ligi menen aji’rali’p turadi’. A’jiniyaz Qon’i’rat ko’terilisin ko’rgen shayi’r, sol waqi’yag’a “Bozataw” shi’g’armasi’n bag’i’shlag’an. Wo’z yelin qatti’ su’ygen, patriot A’jiniyaz shayi’r “Yellerim bardi’” qosi’g’i’n jazadi’, wonda wol qaraqalpaq yelin yen’ suli’w u’lke si’pati’nda, al xalqi’n duri’s so’zli, wo’tirik so’ylemeytug’i’n bati’r, ma’rt xali’q dep ta’riypleydi:

Wo’tirikti i’ras yetip aytpag’an,
Basi’ ketsede tuwri’ joldan qaytpag’an,
Na’ma’hremdi hasla joldas tutpag’an...
Ati’ qaraqalpaq atli’ yellerim bardi’.

Berdaq shayi’r (1827-1900 - jj.) xali’qti’n’ mun’i’n, qayg’i’si’n, tilek-a’rmanlari’n ji’rlag’an shayi’r. Wol qaraqalpaqlardi’n’ tariyxi’n jazg’an

birinshi adam boldi’, wo’zinin’ “Shejire” shi’g’armasi’nda qaraqalpaqlardi’n’ ata-babalari’, kelip shi’g’i’wi’, ko’ship-qoni’slasi’wi’ tariyxi’n jazg’an.
Wonda:
Mu’yten-qon’i’rat, qi’tay-qi’pshaq,
Keneges-mang’i’t, jup, tegi taq -
Ba’ri-alti’ uri’w qaraqalpaq,
Wo’zbekten ayi’ri’lg’an yeken, - dep jazg’an.
Buri’n jasap wo’tken tariyxi’y adamlar tuwrali’ “Amangeldi”, “Aydos biy”, “Yernazar biy” atli’ shi’g’armalari’n do’retken.
“Xali’q ushi’n”, “Balam”, “Nadan bolma” degen qosi’qlari’nda miynetke, yerlikke, ma’rtlikke, bilimli-sawatli’ boli’wg’a shaqi’radi’.

Sorawlar ha’m tapsi’rmalar
1. Qaraqalpaqstan ilim-pa’ni xaqqi’nda ha’m ilimpazlari’ tuwrali’ so’z ju’ritin’.
2. Qaraqalpaqlardi’n’ ma’deniyati’ni’n’ (turaq jay, kiyim-kenshek) basqa xali’qlardan wo’zgesheligin ayti’p berin’.
3. Qaraqalpaqlarda baqsi’-ji’rawlar aytqan qanday da’stanlardi’ bilesiz?
4. Qaraqalpaqlardi’n’ a’debiyati’ni’n’ wa’killeri Berdaq ha’m A’jiniyaz shayi’rlar wo’z qosi’qlari’nda ne haqqi’nda jazg’an? (Mi’sallar keltirin’).

## 13-tema. Patsha Rossiyasi’ni’n’ basqi’nshi’li’g’i’.

1873-ji’ldi’n’ basi’na kelip Rossiya Worta Aziyani’n’ xanli’qlari’ni’n’ ko’p jerlerin basi’p alg’an yedi. Fevral ayi’nda wori’s a’skerleri general Kaufman basshi’li’g’i’nda Xiywag’a atlanadi’. Atlani’sqa 13 mi’n’ adam qatnasti’, wolarda 56 atqi’sh top boldi’. Al wolarg’a qarsi’ turg’an xanni’n’ no’kerleri qural jag’i’nan da, sawash ju’rgiziw jag’i’nan da to’men yedi. Sebebi wolardi’n’ ko’bisi diyxanlar yedi.
Wori’s a’skerlerine qarsi’ Adam-qi’ri’lg’anda, Xojelide, Xazaraspta, Gu’rlende, Man’g’i’tta ha’m basqa jerlerde sawashlar boldi’. Biraq xanni’n’ no’kerleri aqi’ri’ Xiywani’ taslap ketiwge ma’jbu’r boladi’. May ayi’ni’n’ 29 ku’ni wori’s a’skerleri Xiywani’ aladi’.
General Kaufman Xiywani’n’ xani’ Seyid Muxammed Raxim xan II - ni xanni’n’ bag’i’na - Gendemiang’a shaqi’radi’, xan wo’z worni’nda, yag’ni’y taxti’nda qaldi’. 1873-ji’l 12- avgustta wori’s hu’kimeti ati’nan general Kaufman menen Seyid Muxammed Raxim xan II nin’ wortasi’nda kelisimge qol qoyi’ladi’. Bul kelisim “Gendemian kelisimi” dep ataldi’. Kelisim boyi’nsha xan Rossiya patshasi’nan g’a’rezli yekenligin moyi’nlaydi’. Basqa yeller menen wo’z betinshe qari’m-qatnas ju’rgize almaytug’i’n boldi’.

Xanli’qti’n’ aymag’i’nda wori’s kemeleri ushi’n, sawdagerleri ushi’n yerkin ju’riwge huqi’q berildi. Wori’s kapital iyeleri qa’legen jerden du’ka’n, zavod, fabrika, sklad quri’p ali’w huqi’qi’na iye boldi’, al Xiywa hu’kimeti wolardi’ qorg’awi’ kerek boldi’. Yen’ son’i’nda xanli’q patshag’a 29 million 299 mi’n’ rubl mug’dari’nda kontribuciya to’lewge minnetlendi. To’lep boli’w ushi’n 29 ji’l mu’ddet belgilendi.
A’miwda’rya bo’liminin’ du’ziliwi, basqari’w du’zimi. Gendemian kelisimi boyi’nsha xanli’qti’n’ A’miwda’ryani’n’ won’ jag’ali’g’i’ndag’i’ jerleri Rossiya qurami’na wo’tti, al shep jag’ali’g’i’ xanli’q qurami’nda qaldi’. Bul xanli’qta jasap ati’rg’an xali’qlar yekige bo’lindi degen so’z yedi.
Rossiya qurami’na wo’tken won’ jag’ali’q aymaqta A’miwda’rya bo’limi du’zildi. Wol Tu’rkistan general-gubernatorli’g’i’ni’n’ Si’rda’rya woblasti’ qurami’na kirdi. A’miwda’rya bo’liminin’ basli’g’i’ Xiywa xani’ni’n’ da u’stinen baqlaw ju’rgizip turdi’, xan wonnan ken’esip, is ali’p bardi’. Sol ji’li’ bo’limnin’ basli’g’i’, a’skeriy garnizon turatug’i’n tazadan qorg’an qala sali’na baslandi’. Qala Petro-Aleksandrovsk dep ataldi’. Xali’q wol jerdi To’rtku’l dep ataytug’i’n yedi.
A’miwda’rya bo’limi yekige: Shi’mbay ha’m Shoraxan uchastkalari’na bo’linip, wolardi’ uezd basshi’si’ pristav (xali’q tilinde woyaz) basqardi’. Al ha’r bir uchastka boli’sli’qlarg’a (wori’ssha volost so’zinen), al boli’sli’qlar aqsaqalli’qlarg’a bo’lindi. Shoraxan uchastkasi’: To’rtku’l, Shabbaz, Biybazar, Shoraxan, Sari’biy, Tamdi’ ha’m Mi’n’bulaq boli’sli’qlari’na, al Shi’mbay uchastkasi’: No’kis, Shi’mbay, Kegeyli, Ko’ko’zek, Besjap, Yesim, Da’wqara, Ko’kko’l, Na’wpir, Talli’q, Qon’i’rat ha’m Jan’abazar boli’sli’qlari’na bo’lindi. Boli’sli’qlardi’n’ basshi’lari’n boli’s dep, al aqsaqalli’qlardi’n’ basshi’lari’n aqsaqal dep atadi’. Wolar buri’ng’i’ biylerdin’ worni’na wori’s hu’kimetinin’ yendirgen basqari’w tu’ri yedi. Biraq xali’q wolardi’ buri’ng’i’si’nsha geyde biy dep te ataytug’i’n yedi.
Xali’q arasi’ndag’i’ daw-ja’njellerdi, neke qi’yi’w h.t.b. ma’selelerdi biy ha’m qazi’lar sheshse, yendi sud sheshetug’i’n boldi’. Biraq xali’q arasi’nda buri’ng’i’ biy ha’m qazi’ sudlari’ saqlani’p qaldi’.
Uchastkalardi’n’ pristavli’g’i’na wori’s hu’kimeti wo’zinin’ adamlari’n saylag’an, al boli’s ha’m aqsaqallardi’ awi’l adamlari’ saylaytug’i’n bolg’an. Biraq ha’mme de saylaw huqi’qi’na iye bola bermegen.
Xali’qtan ali’natug’i’n sali’q ta birqansha wo’zgerdi. Ma’selen, buri’ng’i’ Xiywa xani’ da’wirindegi salg’i’rt kespe sali’q, yendi shan’araqtan 3 manat 59 tiyinge almasti’ri’ldi’.
Qaraqalpaqstan I ja’ha’n uri’si’ ji’llari’nda. 1914-ji’li’ baslang’an uri’s xali’qti’n’ basi’na ja’ne de qosi’msha qi’yi’nshi’li’qlar tuwdi’rdi’, qosi’msha sali’qlar sali’ndi’.

Xanli'q aymag'i'ndag'i' qaraqalpaqlar Qon'i'rat, Shomanay ha'm Xojeli bekliklerinde ha'm Go'ne u'rgenish a'tirapi'nda jasag'an. Wolardi' uri'w biyleri basqarg'an. Biyler atali'qqa, al atali'q begler begige bag'i'ng'an. Begler begi ha'kimge (bekke) bag'i'ng'an.
1910-ji'li' suwi'q yerte tu'sti. Noyabr ayi'nda da'ryag'a muz qati'p, ju'k tasi'w toqtap qaldi'. Gu'zde yegilgen biydaydi' ton'lap, suwi'q urdi'. Al, 1911-ji'lg'i' ba'ha'r suwsi'z keldi. Yeginler wo'nimsiz boldi'. Suwsi'zli'qti'n' kesirinen sharwani'n' da awhali' jaman boldi'. Mallardi'n' u'shten bir bo'legine shamalasi' nabi't boldi'. Yelde qi'mbatshi'li'q, xali'q arasi'nda asharshi'li'q baslandi'. Ashli'qti'n' ku'shliligi sonshelli, adamlar u'ylerinen shi'g'a almay qalg'an, ashtan wo'liwshilik ko'beyip ketken. Bo'limdegi ha'm xanli'qtag'i' sanaat ka'rxanalari' ha'mmeni jumi's penen ta'miynley almaytug'i'n yedi. Yeldegi ashli'qti' qalayda sheshiw ushi'n ilajlar islendi. Buri'nnan isi ju'risken baylar: Xalmurat bay, Shi'ni'qul bay h.t.b.lar, Rus-Aziya banki arqali' Rossiyadan biyday ha'm un a'kelip, xali'qqa nesiyege satqan. Bul xali'qti' ashtan qi'ri'li'p qali'wdan aman saqlap qalg'an. Sol ji'l xali'q awzi'nda "aq qapshi'q" ji'li' dep ayti'ladi', sebebi si'rttan a'kelingen unlar qapshi'qta a'kelingen yedi.

1914-ji'li' Rossiya du'nya ju'zlik uri'sqa aralasti'. Bul barli'q xali'qlar ushi'n awi'r jag'day tuwdi'rdi'. Qosi'msha yendirilgen sali'qlardi'n' kesirinen xali'qti'n' ku'n ko'risi ku'nnen ku'nge awi'rlasti'. Al 1916-ji'li' 25 iyundegi patshani'n' uri's boli'p ati'rg'an jerlerde yer adamlardi' jumsaw ushi'n ji'ynaw haqqi'nda pa'rmani' xali'qti'n' shi'dami'n tawi'sti'. Bul ji'ynaw xali'q arasi'nda ma'rdikar delindi. Shi'mbayda pa'rmang'a qarsi' 1916-ji'li' iyulde u'lken ko'terilis boldi'. Shi'mbay uchastkasi'ni'n' pristavi' wo'ltirildi, ko'teriliske yer adamlar menen birge hayallar da qatnasti'. Tap usi'nday ko'terilisler To'rtku'lde, Shoraxanda da boldi'.
Shep jag'ali'qta da xanni'n' ali'p barg'an tonawshi'li'q, yeziwshilik siyasati' yelde narazi'li'qti' tuwdi'rdi'.
1916-ji'li' shep jag'ali'kta ulken koteriliske ali'p keldi. Xojelide A'wezjan Xoja basshi'li'g'i'nda u'lken koterilis boldi'.
A'wezjan Xojani'n' a'tirapi'nda 2000-3000 adamg'a shamalas ji'ynaldi'. Patsha a'skerlerinin' ja'rdemi menen bul ko'terilis basti'ri'ldi', ko'terilis basshi'lari' wo'ltirildi. Birak bunnan keyin de shep jag'ali'kta 1916 ji'li' Shi'mbay, To'rtku'llerde qozg'alan'lar ju'z berdi.

Sorawlar ha'm tapsi'rmalar
1. Xiywa xanli'g'i' Rossiya ta'repinen qalay basi'p ali'ndi'?
2. General Kaufman ha'm Xiywa xani' Seyid Muxammed Raxim xan II wortasi'ndag'i' kelisim qanday ma'niske iye?

3. .Rossiya ta'repinen jawlap ali'ng'annan keyin Xiywa xanli'g'i'nda qanday wo'zgerisler ju'z berdi?
4. 1910-1911-ji'llarda xali'kti'n' jag'dayi' qalay keshti?
5. 1916- ji'lg'i' xali'q ko'terilisin ayti'p berin'.

## 14-tema. Qaraqalpaqstan Ken'es ha'kimiyati' da'wirinde.

1917-ji'li' tariyxta u'lken iz qaldi'rg'an waqi'yalar boldi'. Sol ji'li' fevral ayi'nda Rossiya patshasi' qulati'li'p, worni'na burjuaziya hu'kimeti wornadi'. Sol waqi'tta Tu'rkistan xalqi' da g'a'rezsizlikke biraz ha'reket yetedi. Biraq, gu'zde, 25-woktyabrde Rossiyada awdari'spaq ("Woktyabr revolyuciyasi'") boli'p, hu'kimet basi'na bolshevikler shi'g'i'p, ken'es hu'kimeti wornadi'. Ken'es hu'kimeti wornag'annan keyin yelde quwdalawlar baslandi'. Xali'qti' izine yertetug'i'n yel basshi'lari'n, sol da'wirdin' sawatli' adamlari'n, axun-iyshanlar, diniy wa'killerdi quwdalay baslaydi'. Sebebi Ken'es hu'kimeti dinsizler hu'kimeti yedi. Xali'q arasi'nda Ken'eslerge qarsi' ha'reketler baslandi'. Ubayxan, Ja'lil maqsi'm h.t.b. basshi'li'g'i'nda azatli'q ha'reketleri ali'p bari'ldi'. Sovetlerge qarsi' xali'q ko'terilisleri 1919-1929-ji'llari' boldi'.
Ken'es hu'kimetinin' kolxozlasti'ri'w siyasati'na qarsi' ha'reketler boldi', ha'tteki ko'teriliske shekem keldi. 1929- ji'li' Taxtako'pirde u'lken ko'terilis boldi'. Ko'teriliske Barli'qbay, Ka'rimberdi axun, Ja'lil maqsi'mlar basshi'li'q yetti. Wolardi'n' maqseti ken'es hu'kimetin awdari'p, worni'na taza hu'kimet wornati'p, taza ma'mleket du'zbekshi yedi.
Wolar Ken'es hu'kimeti (Qi'zi'l armiya) menen gu'resip, wolarg'a qarsi' sawashlar ju'rgizdi. Wolarg'a qarsi' gu'reskenlerdi ken'es hu'kimeti "baspashi'lar" deytug'i'n yedi. Negizinde wolar "baspashi'" yemes, al Qi'zi'l Armiyani'n' Ken'es hu'kimetinin' dushpanlari' yedi, yag'ni'y xali'qti'n' azatli'g'i' ushi'n gu'reskenler yedi. Hu'kimetke azli'-kem qarsi' shi'qqanlardi'n' ba'ri quwdalani'p, qamali'p ketken, birazlari' qayti'p kelmegen.
Ko'p qarsi'li'qqa ushi'rag'an Ken'es hu'kimeti da'slepki ku'nlerinen-aq adamlardi' jazalaw, quwdalaw jumi'slari'n tez-tezden iske asi'ri'p turdi'. Qarsi'li'q ko'rsetkenlerdin' kimin qamap, kimin basqa jaqlarg'a su'rginge jiberip, kimin ati'p taslag'an. Birazi' basqa yellerge qashi'p ketip, quti'lg'an. Yeldin' ko'zge ko'ringen basshi' adamlari', a'sirese wo'zimizdin' xali'qtan shi'qqanlar "milletshil" h.t.b. dep ayi'plani'p, quwdalang'an, jazalang'an. Buni' repressiya dep te ataydi'. Ma'selen, Qaraqalpaqstan avtonomiyasi'n du'ziwge qatnasqan A.Dosnazarov, ha'm sonday-aq Q.A'wezov, K.Nurmuhammedov ha'm basqalar "xali'q dushpani'" dep jala jawi'li'p,

jazi'qsi'z jazalani'p ketti. Bu'gingi ku'nde bizler wolardi'n' atlari'n ma'n'gige yadlap ju'remiz.
Repressiya bolg'anlardi'n' ishinde a'sirese diniy ruwxani'ylar, ulamalar ko'p boldi'. Qanshasi' si'rt yellerge qashi'p ketken. Ka'rimberdi axun, Ja'lil maqsi'm, Ubay maqsi'm, keyin ala Sa'lmen iyshan h.t.b. lar ati'li'p ketti, jer awdari'ldi', qamaqqa ali'ndi'. Al, awi'l arasi'nda qalg'anlari'n ti'ni'shi'na qoymay, ha'r dayi'm qi'sqi'g'a ali'p, waqti'-waqti' qamap qoyatug'i'n yedi. Dinnen bas tarti'wg'a ma'jbu'rlenetug'i'n yedi. Biraz molla-axunlar basqa jerlerge ko'ship, tu'rkmenlerdin' arasi'nda jasi'ri'ni'p ju'rgen, basqa awi'l-qalalarda jasag'an.
Qaraqalpaq avtonomiyali' woblasti'ni'n' du'ziliwi. 1922-ji'li' Rossiya, Ukraina, Belorussiya ha'm Kavkaz arti' respublikalari' du'zilip SSSR, yag'ni'y Sovet Socialistlik Respublikalar Soyuzi' (awqami') duzilgen yedi. Buri'ng'i' patsha Rossiyasi' imperiyasi' aymag'i'nda keyin ala jan'a respublikalar, woblastlar du'zile baslaydi'. Taza hukimet xali'qlardi'n' milletine baylani'sli' jan'a respublikalar du'ze baslaydi'. 1917-ji'lg'i' woktyabr awdari'spag'i'nan keyin Worta Aziyada Tu'rkistan Avtonomiyali' Sovet Socialistlik Respublikasi' (TASSR) du'zilgen yedi. Usi' TASSR qurami'nan yendi birneshe respublikalar aji'rali'p shi'g'adi'. Ma'selen, Kazaqstan Avtonomiyali' SSR, Wo'zbekstan SSR h.t.b. Bul waki'ya milliy shegaralaw dep ayti'ladi'. Sol ji'li', yag'ni'y 1924-ji'li' qaraqalpaqlar da wo'z aldi'na milliy yamasa avtonomiyali' boli'wg'a ha'reket yete baslaydi'. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' ardaqli' perzenti Allayar Dosnazarov ha'm basqa da janku'yer insanlardi'n' sharshamay, taysalmay yetken xi'zmetlerinin' arqasi'nda qaraqalpaqlar da wo'z avtonomiyasi'n ali'wg'a yerisedi.
Xiywa xanli'g'i'ni'n' worni'na 1920-ji'li' Xorezm Xali'q Sovet Respublikasi' du'zilgen yedi. Sol Xorezm Respublikasi'ni'n' ishinde 1923-ji'li' Qazaq-qaraqalpaq avtonomiyali' woblasti' du'zilgen yedi. Shep jag'ali'q qaraqalpaq woblasti' 1924-ji'li' won' jag'ali'q penen birigip birden-bir Qaraqalpaqstan avtonomiyali' woblasti'n du'zdi.
Qaraqalpaqstan avtonomiyali' woblasti' da'slep Qazaqstan ASSRi'ni'n' qurami'nda boldi', son' 1930-ji'li' Rossiya qurami'na kirdi. 1932-ji'li' Qaraqalpaqstan avtonomiyali' Sovet Socialistlik Respublikasi' boli'p qayta du'zildi. Respublika paytaxti' da'slep To'rtku'l qalasi' al 1932-ji'ldan No'kis qalasi' boldi'. Qaraqalpaqstan yendi wo'zinin' hu'kimetine, ministrliklerine (wol waki'tlari' komissariat yedi) iye boldi'. Demek qaraqalpaqlardi'n' milliy ma'mleketshiligin qaytadan tiklendi. Biraq bul Qaraqalpaqstan ASSRi' yele de toli'q ma'mleketshilikke iye yemes yedi, wo'ytkeni woni'n' wo'z yerkinligi - suvereniteti, wo'zine ta'n gerbi, bayrag'i', gimni bolg'an joq.

Sorawlar ha'm tapsi'rmalar

1. 1917-ji'li' qanday waqi'ya ju'z berdi?
2. Sol da'wirdegi milliy azatli'q ha'reketlerdi ayti'p berin'.
3. 1929 ji'lg'i' ko'terilis tuwrali' ne bilesiz?
4. Repressiya so'zine ne tu'sinesiz?
5. Ken'es hu'kimeti ta'repinen kimler quwdalang'an ha'm ne ushi'n?
6. Qaraqalpaqlar wo'z avtonomiyasi'na qalay yeristi?
7. Qaraqalpaqlardi'n' wo'z milliy ma'mleketshiliginin' tikleniwi degende neni tu'sinesiz?

## III-BAP. QARAQALPAQSTAN JA'HA'N URI'S JI'LLARI'NDA.

### 15-tema. Qaraqalpaqstan II ja'ha'n uri'si' ji'llari'nda.

1939-ji'li' Germaniya II-shi Du'nya ju'zlik uri'sti' baslap jiberdi. 1941-ji'li' 22-iyun ku'ni fashistler Germaniyasi' SSSRg'a basti'ri'p kiredi. Yendi SSSR da uri'sqa aralasi'wg'a ma'jbu'r boldi'. SSSR boyi'nsha uri'sqa adam ha'm texnikani' ja'mlew baslandi'. Sol gezde "Ha'mme na'rse front ushi'n, ha'mme na'rse jen'is ushi'n" degen su'ren ko'terildi. Qaraqalpaqstannan 64 mi'n'nan aslam adam uri'sqa ketti. Uri's ji'llari'nda yer adamlar uri'sqa - frontqa ketiwine baylani'sli', ati'zlarda, zavodlarda islegenlerdin' derlik barli'g'i' hayallar, kishkene jastag'i' balalar boldi'. Sebebi, birinshi gezekte fronttag'i' qorg'awshi'lardi' awqat ha'm kiyim menen, texnika-qural menen ta'miyinlew kerek yedi. Uri'sqa jaramsi'z kishkene jastag'i'lar basqa qalalarg'a jiberildi, wol jerde zavodlarda isledi. Xali'q woni' "rabochiy batalon" deytug'i'n yedi.
Qaraqalpaqstannan uri'sqa qatnasi'p, yerlik ko'rsetkenler ko'p boldi', wolar qaharmanlarsha uri'sti'. Ma'selen, bo'limshe komandiri M.Balmag'ambetov wo'z bo'limshesi menen Dneprdin' won' jag'ali'g'i'ndag'i' Borodaevka awi'li'ni'n' qasi'nda jawi'ngerlik poziciyani' bekkem uslap turdi'. Wol 20 fashistti nabi't yetti, 16si'n tutqi'ng'a aldi'. Sawashta ko'rsetken yerligi ushi'n wog'an Sovetler Soyuzi'ni'n' qaharmani' degen ataq berildi, sonday-aq uri'sta ko'rsetken yerligi ushi'n 1945-j. martta Juman Qaraqulovqa Sovetler Soyuzi'ni'n' qaharmani' degen ataq berildi.
Yelimiz jawi'ngerleri Berlinge deyin uri's joli'n basi'p wo'tti, Yevropa yellerin de fashistlerden azat yetiwde qatnasi'p wo'zinin' internacionalli'q minnetlerin wori'nladi'. 1941-45-ji'llarda frontqa ketip, uri'sta ma'rtlik ko'rsetken 20 dan aslam jawi'ngerler Sovetler Soyuzi'ni'n' Qaharmani' ha'm 6 jawi'nger I,-II,-III-da'rejeli "Dan'q" wordenlerin aldi'. Wolar: M.Balmag'ambetov, Wo.Jumaniyazov, N.Saraev, I.Maxorin, L.Bernadskiy, I.Nawri'zbaev, J.Qaldi'qaraev, Bulatov, J.Qaraqulov, A.Pichulin, A.Simonov, P.Nurpeysov, F.Fedorovich, S.A.Umerkin, B.Tixomolov, I.Lebedev,

I.Banifatov, B.Babaev, Wo.Abdullaev, A.Trashkev, A.Amanbaev R.Sayi'pnazarov, T.Wo'temuratov, J.Qalimbetov, A.Mixaylovich, Ye.Bespalov ha'm basqalar yedi.
Yelimizdin' ko'plegen belgili perzentleri sol uri'sta qatnasi'p, wo'zinin' perzentlik minnetin atqari'p qayti'p, yeldin' rawajlani'wi'na, ko'rkeyiwine u'leslerin qosti' ha'm bu'gingi ku'nde de jaslarg'a wo'rnek boli'p kiyati'r. Wolar M.Qalimbetov, R.Saparov, S.Kamalov, Q.Abdirov, J.Jiemuratov, J.Iskenderov, Wo.Seytov, U.Raxmetullaev, M.Abdreymov, B.Qayi'pnazarov, T.Seytjanov, A.Panabergenov, S.Jumamuratov, D.Jumabaev, T.Sherbekov, D.Woji'raev, A.Nurmanov, J.Qutli'muratov h.t. basqalar. Wolardi'n' ba'ri bizin' maqtani'shi'mi'z ha'm qa'dirdan aqsaqal ustazlari'mi'z.
Bul uri's xalqi'mi'z ushi'n awi'r mu'siybet boldi'. Frontqa ketkenlerdin' jarti'si'nan ko'bi yeline qayti'p kelmedi, sawashta qaza tawi'p ketti.
Sonli'qtan da ha'r ji'li' 9 may ku'ni - fashistler u'stinen jen'iske yerisken ku'ni wolardi' yadqa alami'z. 9 may - yeslew ku'ni.
Qaraqalpaqstan uri'stan son'g'i' ji'llarda. Uri'stan son'g'i' ji'llarda xali'q xojali'g'i'n qayta tiklew ushi'n ayanbastan jumi's islendi. Ma'mleketke ko'p mug'darda paxta kerek boldi'. Sol sebepli paxta ati'zlari'ni'n' ko'lemi ko'beytildi.
XX a'sirdin' 60-ji'llari' ilimpazlar A'miwda'ryani'n' suwi'n u'nemli ha'm duri's paydalani'w ha'm paxtadan basqa awi'l xojali'q yeginlerin wo'ndiriw za'ru'rligin yeskertti. Biraq ilimpazlardi'n' yeskertiwleri di'qqatqa ali'nbadi'. Da'ryani'n' suwi' ten'izge tu'spedi. Na'tiyjede Aral ten'izi quri'y basladi'. XX-a'sirdin' 70-80-ji'llarda Qaraqalpaqstanni'n' awi'l xojali'g'i'nda, zavod ha'm fabrika wo'ndirislerinde bir wori'nda tubalawshi'li'q sezildi. Tubalawshi'li'q Aral apatshi'li'g'i' sebebinen payda boldi'.
Aral ten'izinin' quri'wi' tek g'ana Qaraqalpaqstanni'n' g'ana yemes, al jer ju'zilik mashqala boldi'. Bul mashqalani' sheshiwge bag'darlang'an 1985-90-ji'llar arali'g'i'nda buri'ng'i' SSSR hu'kimeti ta'repinen yeki qarar qabi'l yetildi. Bul qararlar Qaraqalpaqstan xalqi'n taza ishimlik suw menen ta'miyinlewge ha'm A'miwda'rya suwi'n patasli'qlardan tazalawg'a ha'm woni' u'nemlewge bag'darlandi'. Biraq buri'ng'i'si'nsha suw ati'zlardi' suwg'ari'wg'a jetispedi. Qaraqalpaqstanni'n' awi'd xojali'q wo'ndirisi artta qali'wshi'li'g'i'n dawam yetti. Buni'n' "ayi'pkerleri" izlenip jazi'qsi'z jalalar jabi'li'p, Qaraqalpaqstan boyi'nsha 90 nan aslam adam jazi'qsi'z qamali'p ketti. Aral ten'izinin' quri'p qali'wi'ni'n' aldi' ali'nbadi'.

Sorawlar ha'm tapsi'rmalar
1. "Ha'mme na'rse front ushi'n, ha'mme na'rse jen'is ushi'n" degen su'ren neni an'latadi'

2. Qaraqalpaqstannan uri’sqa qatnasi’p, yerlik ko’rsetken qaharmanlardi’ atap wo’tin’.
3. Aral apatshi’li’g’i’ qalay payda boldi’

## IV-BAP. QARAQALPAQSTAN – G’A’REZSIZLIK JI’LLARI’NDA.

### 16-tema. Ma’mleketlik ni’shanlar.

1991-ji’lg’a deyin biz jasap turg’an jer u’lken bir ma’mleket Sovetler Soyuzi’ dep atalg’an sovet imperiyasi’na qarasli’ yedi. Sovetler Soyuzi’ yamasa SSSR 15 respublikadan quralg’an yedi. Sol respublikalardi’n’ birewi Wo’zbekstan Sovet Socialistlik Respublikasi’ boli’p, Qaraqalpaqstan woni’n’ qurami’ndag’i’ avtonomiyali’ respublika yedi.
Wo’tken a’sirdin’ 1989-1999-ji’llar arali’g’i’nda u’lken waqi’yalar boldi’. SSSR tarqali’p barli’q respublikalar uzaq waqi’t a’rman yetken g’a’rezsizligi ushi’n ha’reket yete basladi’. SSSRdi’n’ qurami’nan aji’rali’p shi’g’adi’. Sol waqi’tta bizin’ yelimizde de milliy g’a’rezsizligimiz ushi’n gu’res baslandi’. Wo’zbekstandi’ wo’z Prezidenti basqaratug’i’n boldi’. Al, 1999-ji’li’, noyabrde xali’q Qaraqalpaqstandi’ suverenli respublika yetip ja’riyalaw ushi’n hu’kimet aldi’na talap qoyadi’. Solay yetip 14 dekabr ku’ni “Qaraqalpaqstanni’n’ Suvereniteti haqqi’nda Deklaraciya” ja’riyalandi’. Yendi Qaraqalpaqstan Wo’zbekstan qurami’ndag’i’ avtonom respublika yemes, al Suverenli Respublika boldi’.
1991-ji’ldi’n’ 31-avgusti’nda Wo’zbekstan SSRi’ wo’zin g’a’rezsiz respublika dep SSSRdan shi’g’i’p wo’zinin’ g’a’rezsizligine bag’i’shlang’an “Deklaraciyasi’n” qabi’l yetti, g’a’rezsiz Wo’zbekstan Respublika boldi’. Wol Deklaraciyada (17 punktinde) Qaraqalpaqstanni’n’ suverenli respublika yekenligi ha’m Wo’zbekstanni’n’ qurami’nda bolatug’i’nli’g’i’ ayti’lg’an. Qaraqalpaqstanni’n’ Wo’zbekstan qurami’ndag’i’ suverenli respublika yekenligi 1992-ji’li’ 8-dekabrde qabi’l yetilgen Wo’zbekstan Konstituciyasi’nda da ayti’lg’an. Wo’zbekstan Konstituciyasi’ Suverenli Qaraqalpaqstang’a woni’n’ rawajlani’wi’ ushi’n ko’p mu’mkinshilikler bergen.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’.
Ma’mleketlik ni’shanlari’.
Ha’rbir ma’mleket wo’zinin’ Tiykarg’i’ Ni’zami’na iye. Tiykarg’i’ Ni’zam dep Konstituciyani’ aytadi’. Konstituciyada ma’mlekette jasap ati’rg’an ha’r bir adamni’n’ huqi’qlari’ jazi’lg’an. Soni’n’ ushi’n ha’r bir adam Konstituciyani’ yadtan biliw kerek. Sebebi, adam wo’z huqi’qlari’n bilse yelde ni’zam buzi’wshi’li’qqa jol qoyi’lmaydi’. Sizler de wo’zlerin’izdin’

konstituciyali’q huqi’qlari’n’i’zdi’ bilip ju’rin’. Ma’selen, Konstituciyami’zda qaraqalpaq tili ma’mleketlik til dep ko’rsetilgen, bul demek bizler wo’z tilimizdi jaqsi’ bilip, u’yreniwimiz kerek degendi an’latadi’.
Qaraqalpaqstanda jasawshi’ barli’q adamlar milleti, dini yamasa ji’ni’si’na qaramastan ten’dey huqi’qli’, ten’dey yerkin, ha’mme ni’zam aldi’nda ten’dey delingen.
Ha’r bir puqara wo’z pikir ha’m woylari’n yerkin ayta aladi’, ha’r bir adam wo’z menshik mu’lkine iyelik yete aladi’, ha’r bir puqara, yag’ni’y ma’mlekette jasawshi’ adam sapali’ medicinali’q xi’zmet, biypul bilim ali’wi’na haqi’si’ bar.
Qi’z ha’m balalar, hayallar menen yer adamlar ten’dey huqi’qli’.
Ma’mleket puqarasi’ basqa puqarani’, woni’n’ pikirin ha’m woyi’n hu’rmet yetiwi, xalqi’mi’zdi’n’ ma’deniy ha’m tariyxi’y miyrasi’n saqlawi’ ha’m qorg’awi’ kerek. Ha’r bir adam ma’mleketke tiyisli sali’q to’lewi kerek, a’skeriy xi’zmet wo’tewge minnetli.
Qanday ata-ana boli’wi’na, socialli’q jag’dayi’na qaramastan wolardi’n’ balalari’ ten’dey huqi’qli’. Yer jetken ha’m miynet yetiwge uqi’pli’ balalar ata-anasi’na g’amxor boli’wg’a minnetli. Usi’g’an qusag’an wazi’ypa ha’m huqi’qlari’mi’zdi’ ha’mme biliwimiz sha’rt.
Qaraqalpaqstan Suverenitetke yerisip g’ana wo’z gerbine, gimnine ha’m bayrag’i’na iye boldi’. 1993-ji’ldi’n’ 9- apreline Qaraqalpaqstanni’n’ ma’mleketlik gerbi, 1992- ji’ldi’n’ 2 - dekabrinde Qaraqalpaqstanni’n’ bayrag’i’, 1993- ji’ldi’n’ 4 - dekabrinde Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ gimni bekitildi.
Solay yetip Qaraqalpaqstan barli’q suverenlik ni’shanlarg’a iye boldi’ ha’m toli’q ma’mleketlik respublika boldi’.

Cworawlar ha’m tapsi’rmalar
1. Suverenlik Deklaraciyasi’ tuwrali’ ne bilesiz
2. G’a’rezsizlik Qaraqalpaqstang’a qanday huqi’qlar berdi?
3. Suverenli Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’shanlari’ tuwrali’ ayti’p berin’.
4. Qaraqalpaqstanni’n’ Konstituciyasi’ tuwrali’ ayti’p berin’.

## 17-tema. Milliy qadriyatlardi’n’ qayta tikleniwi’.

Ruwxi’y bayli’q degenimiz yerte zamanlardan ata-babalari’mi’zdan qalg’an ruwxi’y miyraslar: ko’rkem ho’ner, a’debiyat, ilim-bilim, a’dep-ikramli’li’q, u’rp-a’det, da’stu’r, diniy ko’z qaraslar boli’p tabi’ladi’.. Usi’ ruwxi’y ha’m ma’deniy miyrasi’mi’zdi’ qayta tiklew g’a’rezsizliktin’ birinshi ku’nlerinen

baslap-aq ma’mleketimizdin’ basli’ ma’selelerinin’ biri boli’p qaldi’. Qaraqalpaq xalqi’ da wo’zinin’ a’wladtan-a’wladqa milliy miyraslari’n saqlap kelgen. Ruwxi’y ma’deniyatti’ qayta tiklew wo’z milliyligimizdi an’lawg’a, xali’qti’n’ milliy sanasi’ni’n’ wo’siwine mu’mkinshilik berdi.

Prezidentimiz I.Karimov ruwxi’yli’qti’n’ a’hmiyetin bahalay woti’ri’p: □Ruwxi’yli’q insanni’n’, xali’qti’n’, ma’mlekettin’ ku’shi ha’m qu’direti□ - degen yedi.

Ilimnin’ ha’m bilimnin’ rawajlani’wi’. G’a’rezsizlik alg’annan keyin bizin’ respublikami’zda ilim birqansha rawajlana basladi’. Ilim ha’mme waqi’t ja’miyettin’ rawajlani’wi’ni’n’ yen’ za’ru’r sha’rtlerinin’ biri. Ilimnin’ a’hmiyeti ja’ne sonda, wol bizin’ respublikami’zdi’n’ bazar ekonomikasi’na wo’tiw talaplari’na juwap beriwi kerek.

Tariyx yesteligi, xali’qti’n’, Watani’mi’zdi’n’, ma’mleketimiz wo’tmishinin’ qali’s ha’m xaqi’yqi’y tariyxi’n tiklew milliy wo’zligimizdi an’lawdi’, milliy da’stu’rlerimizdi tiklew ha’m wo’siriw bari’si’nda wog’ada a’hmiyetli wori’ndi’ tutadi’.

Tariyx millettin’ xaqi’yqi’y ta’rbiyashi’si’na aylani’p barmaqta. Ulli’ ata-babalari’mi’zdi’n’ isleri ha’m yerlikleri tariyxi’yyadi’mi’zda janlandi’ri’p, jan’a puqarali’qsezimdi bayi’tpaqta. A’dep ikramli’li’q ha’m ibrat mektebine aylani’p ati’r.

Tariyx woy-wo’risimizdin’ jemisi. Wo’tmishimizde payda bolg’an ha’rbir ha’diyse belgili ruwhi’y, ja’miyetlik siyasiy wortali’q ta’sirinde payda bolg’an. Jaqsi’ma-jamanba, jaqsi’li’qpa yamasa jamanli’qpa, meyli ha’r qanday ha’diyse wo’z da’wiri adamlari’ni’n’ qa’lbi, woy-wo’risi, sanasi’, ruwxi’y qu’diretinin’ jemisi.

Xali’qti’n’ turmi’s ta’rizi ha’m ruwxi’yli’g’i’ni’n’ quram bo’legin woni’n’ yeski u’rp-a’detleri, da’stu’rleri ha’m bayramlari’ quraydi’. Sonli’qtan, g’a’rezsizlik ji’llari’nda xali’qti’n’ yeski qa’driyatlari’n qayta tiklew bari’si’nda a’hmiyetli ilajlara’melge asi’ri’ldi’.

G’a’rezsizligimizge yeriskenimizden son’ milliy u’rp-a’detlerimiz, da’stu’rlermiz ken’nen a’melge asi’ri’li’p, miliy bayramlari’mi’z qayta ni’shanlana basladi’.

G’a’rezsizlikten keyin bilim beriw, ta’rbiya isleri boyi’nsha da biraz wo’zgerisler boldi’. Qaraqalpaqstanda ilimnin’ rawajlani’wi’ bizin’ jaslari’mi’zdan miynet su’yiwshilikti, watang’a sadi’qli’qti’ talap yetedi.

Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ qollap quwatlawi’ menen talantli’ jaslar shet ma’mleketlerde woqi’p, sol ma’mleketlerdin’ ta’jiriybelerin u’yreniw mu’mkinshiliklerine iye boldi’. Bizin’ jaslari’mi’z ilimli-bilimli bolg’an jag’dayda g’ana g’a’rezsiz respublikami’zdi’n’ bunnan bi’layda rawajlani’wi’na u’les qosadi’.

Jan’a a’sirge qa’dem taslar yekenbiz XXI a’sir biz ushi’n qanday boli’p keledi degen sawal tuwi’wi’ ta’biyiy. Suverenlikke yerisiw menen yelimiz rawjlani’wi’ni’n’ mazmuni’ tu’p-tiykari’nan wo’zgerdi. Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikalari’ bul a’sirge bir qansha jetiskenlikler menen wo’tti. Ja’miyetimizdin’ ha’r qi’yli’ tarawlari’nda alg’a ilgerilewler ju’z berdi.
Wo’zbekstan soni’n’ menen birge Qaraqalpaqstan Respublikasi’ du’nya xali’qlari’ menen ten’ huqi’qta rawajlani’w huqi’qi’na iye boldi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda si’rt yeller menen islesiw ka’rxanalari’ni’n’ sani’ wo’sip, usi’ ka’rxanalar ja’rdemi menen ko’plegen jumi’slar atqari’li’p ati’r.
Biz ata-babalari’mi’z a’rman yetken g’a’rezsizligimizdin’ nurli’ jemisin yendi ko’rip ati’rmi’z. XXI a’sirde xalqi’mi’z ardaqlag’an a’ziz Qaraqalpaqstanni’n’ kelesheginin’ gu’lleniwine isenemiz.

Sorawlar ha’m tapsi’rmalar

1. Ruwxi’y miyras degenimiz ne? Woni’ qayta tiklew degende neni tu’sinesiz?
2. Tariyx iliminin’ bu’gingi ku’n turmi’si’mi’zda tutqan worni’ xaqqi’nda sa’wbet ju’rgizin’.
3. Qa’driyatlari’mi’zg’a berilip ati’rg’an itibar ha’m wolardi’n’ qa’dirlenip ati’rg’ani’ xaqqi’nda ayti’p berin’.

## MAZMUNI’

1-tema. Kirisiw. Tariyx pa’ni haqqi’nda tu’sinik.

**I BAP. QARAQALPAQSTAN TARIYXI’NI’N’ A’YYEMGI DAWIRI.**
2-tema. Qaraqalpaqstan aymag’i’nda a’yyemgi adamlar ma’kan jaylari’.
3-tema. Qubla Aral boyi’ xali’qlari’ a’yyemgi ma’deniyat do’retiwshileri.
4-tema. Qubla Aral boyi’ xali’qlari’n’ diniy isenimleri.
5-tema. Axomaniyler ha’m Grek-makedonli’lar da’wirindegi Qubla Aral boyi’ aymag’i’.
6-tema. Qubla Aral boyi’ jerlerinin’ arablar ta’repinen basi’p ali’ni’wi’.

**II BAP. A’MIR TEMUR HA’M QUBLA ARAL BOYI’ XALI’QLARI’.**
7-tema. A’mir Temur – ulli’ ma’mleketlik g’ayratker.
8-tema. Qaraqalpaqstan aymag’i’ndag’i’ a’yyemgi paytaxt qalalar.
9-tema. Xali’q a’psanalari’ ha’m ra’wyatlar.
10-tema. Xiywa xanli’g’i’ da’wirindegi Qaraqalpaqlar turmi’si’.
11-tema. Xiywa xanli’g’i’ yeziwshiligine qarsi’ xali’q ko’terilisleri.
12-tema. Ulli’ ali’m – babalari’mi’z.
13-tema. Patsha Rossiyasi’ni’n’ basqi’nshi’li’g’i’.
14-tema. Qaraqalpaqstan Ken’es ha’kimiyati’ da’wirinde.

**III-BAP. QARAQALPAQSTAN JA’HA’N URI’S JI’LLARI’NDA.**
15-tema. Qaraqalpaqstan II ja’ha’n uri’si’ ji’llari’nda.

**IV-BAP. QARAQALPAQSTAN – G’A’REZSIZLIK JI’LLARI’NDA.**
16-tema. Ma’mleketlik ni’shanlar.
17-tema. Milliy qadriyatlardi’n’ qayta tikleniwi’.